



PWOGRAM REPARASYON AK RANPLASMAN LOJMAN POU REBATI FLORIDA

ENSTRIKSYON POU LWAYE

Dokiman sa a bay enstriksyon konsènan lojman pou mete an plas nan pòsyon ki gen pou wè ak lwaye nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman y ap jere nan Depatman Opòtinite Ekonomik (Department of Economic Opportunity, DEO) nan Eta Florida a. Pwogram sa a te resevwa finansman nan alokasyon Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè - Leve Kanpe Apre yon Katastwòf (Community Development Block Grant— (CDBG-DR)) Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) Ozetazini, jan li dekri nan Lwa Piblik 115-56 ak 115-123.

Sa ki nan Tiliv sa a



Part 1	Apèsi sou Pwogram nan.....	1
1.1	Objektif Pwogram nan	1
1.2	Limit sou Revni HUD.....	7
1.3	Kondisyon Pwogram nan	7
1.4	Enskripsyon	8
1.5	Aplikasyon.....	9
1.6	Plan Priyorite.....	9
1.7	Pwogram Edikasyon.....	9
1.8	Estrikti ki Kalifye yo	10
1.9	Kalite Èd yo Ofri	10
1.10	Èd pou Demenaje Lokatè a	12
1.11	Nòm pou Konstriksyon.....	13
1.12	Nòm Aksèsibilite yo.....	14
1.13	Limit pou Alokasyon ak Èd pou Lojman	14
1.14	Analiz Posibilite pou fè Reparasyon.....	14
1.15	Reyaktivite Aplikan an.....	15
1.16	Responsabilite Aplikan an.....	15
1.17	Plent/Kontestasyon/Konfli Denterè.....	16
1.18	Règleman Kont Fwod ak pou Konfòmite	17
1.19	Fichye, Dosye, ak Rapò.....	17
1.20	Kondisyon pou Akizisyon	17
Part 2	Kritè Admisibilite.....	19
2.1	Dega Siklòn Irma	19
2.2	Lokal	19
2.3	Posesyon	20
2.4	Itilizasyon Pwopriyete.....	20
2.5	Enpo Fonsye (Property Taxes)	20
2.6	Kalite Pwopriyete	20
2.7	Aplikasyon ki ka kalifye	20
2.8	Sètifikasyon Ekzijans pou Resevwa Èd	20
Part 3	Doub Avantaj.....	22
3.1	Apèsi	22
3.2	Sibvansyon FEMA pou Leve Kanpe Apre yon Katastwòf.....	22
3.3	Asirans Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon an (National Flood Insurance Program, NFIP).....	22
3.4	Depans Ogmante pou Konfòmite (Increased Cost of Compliance, ICC):	23
3.5	Asirans Prive.....	23
3.6	Small Business Administration (Administrasyon Ti Biznis, SBA)	23
3.7	Depans pou Reparasyon ki Otorize.....	24
3.8	Fwod ak Konpayi Konstriksyon yo.....	24

3.9	Peman Ipotèk Fòse	24
3.10	Frè Legal	24
3.11	Deklarasyon Taks	24
3.12	Kalkile Montan Balans DOB an	24
3.13	Sibwogasyon	25
Part 4	Enspeksyon ak Revizyon Anviwònmantal	26
4.1	Apèsi	26
4.2	Enspeksyon Inisyal ak Verifikasyon Dega	26
4.3	Pwodui ki Kalifye ak sa ki Pa Kalifye	26
4.4	Revizyon Anviwònmantal	26
Part 5	Detèminasyon Sibvansyon	28
Part 6	Fon Yo Bay Twazyèm Moun	29
6.1	Ak Fon Siplemanchè Anvan Konstriksyon	29
6.2	Idantifikasyon Danje Penti ki Abaz Plon	29
6.3	Devlopman Pri pou Pwojè Reparasyon yo	29
6.4	Ranplasman Kay Mobil/Inite Lojman Yo Fè (MHU)	29
6.5	Desizyon sou Konstriksyon yo Ak Seleksyon Plan	29
6.6	Chwa Konpayi Konstriksyon ak Akò pou Konstriksyon	31
6.7	Dokiman Egzekisyon Kontra yo	31
6.8	Avi pou Kontinye	31
6.9	Egzijans pou Konpayi Konstriksyon yo	31
Part 7	Konstriksyon	33
7.1	Apèsi	33
7.2	Deranjman ak Rediksyon Penti Abaz Plon	33
7.3	Enspeksyon Pwogrè Reparasyon ak Rekonstriksyon	34
7.4	Dènye Enspeksyon ak Enfòmasyon sou Garanti	34
7.5	Re-enspeksyon	35
7.6	Lòd pou Chanje	35
7.7	Responsabilite aplikan an pandan Konstriksyon an	35
Part 8	Respè Aksesibilite	36
	Anèks A Plan Maketin Afimatif	37
	Anèks B Pwosesis RekonSIDERasyon/Kontestasyon/Plent	38

Part 1 Apèsi sou Pwogram nan

1.1 Objektif Pwogram nan

ENTWODIKSYON

Se Biwo Leve Kanpe Apre yon Katastwòf (Office of Disaster Recovery, ODR) nan Depatman Opòtinite Ekonomik (Department of Economic Opportunity, DEO) Florida k ap jere yon pwogram Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè - Leve Kanpe Apre yon Katastwòf (Community Development Block Grant— (CDBG-DR)) ki te resevwa finansman Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) Ozetazini, jan li dekri nan Lwa Piblik 115-56 ak 115-123. DEO se ajans ki responsab pou jere lajan pou katastwòf yo bay pou lojman, devlopman ekonomik ak aktivite enfastrikti. DEO ap jere Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman (Housing Repair and Replacement Program, HRRP) an dirèkteman.

HRRP DEO ap bay èd ak lojman pou moun ki te viktim Siklòn Irma nan mwa septanm 2017 la. Sa pral gen ladan moun ki rete nan kay endepandan, pwopriyetè kay pou lwe, ak Otorite Lojman Piblik yo (Public Housing Authorities, PHAs). Entansyon pwogram nan se pou abòde rès pwoblèm lojman yo pòko regle yo. DEO te devlope Enstriksyon pou Lwaye sa yo pou HRRP selon enfòmasyon yo se sanble pandan analiz sou pwoblèm ki potko rezoud yo ak deskripsyon pwojè yo te kreye apre nan *Plan Daksyon Eta Florida pou Leve Kanpe Apre yon Katastwòf* la.

Kounye a DEO ap bay \$273,329,800 nan finansman CDBG-DR pou HRRP. Selon enfòmasyon nou t jwenn pandan demach pou planifye sa nou pral fè yo, DEO pwojete yo pral repare, rekonstwi, oswa ranplase 6,000 pwopriyete. Lè HUD apwouve chanjman enpòtan nan plan daksyon an, HRRP pral ogmante alokasyon li a pou li vin yon total \$346,186,147 epi yo pwojete yo pral repare, rekonstwi, oswa ranplase 7,150 kay.

DEO te etabli de (2) objektif pou HRRP. Premyèman, rekonèt alokasyon \$346 milyon dola pou reparasyon lojman an pa pral satisfè tout bezwen yo, DEO pral bay popilasyon ki gen risk ak sa ki pi frajil yo priorite lè l ap bay èd yo. Dezyèmman, pou ogmante rezistans ak pwoteje lavi moun, DEO egzije pou mete an plas metòd konstrikasyon ki gen bon kalite, dire, itilize enèji byen, dirab, epi ki ka reziste mwezi.


HRRP se yon pwogram reparasyon oswa ranplasman lojman santralize ki gen entansyon pou ede fanmi nivo revni ba ak mwayèn Siklòn Irma te afekte yo. Pwogram lan pral jere epi travay nan demach konstrikasyon yo depi okòmansman jiskaske li fini pou repare, ranplase, oswa rekonstwi kay ki kraze pou aplikan ki kalifye yo. Avèk èd anplwaye ak vandè yo, eta a ap travay avèk yon gwoup konpayi konstrikasyon ki kalifye pou repare, rekonstwi oswa ranplase pwopriyete domaje. Aplikan yo pa pral chwazi pwòp konpayi konstrikasyon yo epi yo pa pral bay konpayi konstrikasyon yo kontra dirèkteman. Pwopriyetè a pa pral resevwa okenn peman dirèkteman.. Aplikan yo pral oblije siyen yon kontra ak eta a ki etabli kondisyon pwogram nan.

Pòsyon ki pou Lwaye pou HRRP a, ki se sa nou abòde nan dokiman sa a, se pou pwopriyetè ki lwe kay pou yon fanmi ak Otorite Lojman Piblik yo (Public Housing Authorities, PHAs). Sa vle di kay ki pou yon fanmi oswa kote ki pou plizyè fanmi yo kapab kalifye nan pòsyon Lwaye pwogram nan. Men, pwopriyetè kay pou yon fanmi yo pral resevwa enstriksyon apa yo te pibliye pou pwopriyetè kay pou yon fanmi ki abite nan pwòp kay yo. W ap jwenn enstriksyon sa yo nan www.RebuildFlorida.gov.

Si gen lokatè ki abite nan nenpòt ki lojman k ap resevwa èd nan pwogram sa a, lokatè a pral gen yon okazyon pou retounen nan lojman yo te repare oswa rekonstwi ak finansman CDBG-DR yo. Pou deplase lokatè sa yo, yo pral mete an plias Lwa Demenajman Inifòm (Uniform Relocation Act, (URA) ak tout egzijans, restriksyon, ak/oswa egzansyon ki gen rapò ki detaye nan Avi Rejis Federal ki kontwole, rekòmasyon federal, ak URA a li menm.

Egzijans federal pou bay HRRP yo konplèks epi yo pral bezwen yon pwosesis ki gen plizyè etap (gade nan Tablo1 ak Tablo2) pou konfòme ka tout règleman ak egzijans ki ge pou wè ak sous finansman an. Pwosesis la gen ladan premye egzijans pou bay dokimantasyon ak verifikasyon pou bay yon avantaj ba pwopriyete lwaye ki kalifye yo. Apre premye faz dokimantasyon an yo pral siyen yon kontra ak yon akò pou bay prim nan.

Tablo1 Premye Etap Aplikasyon ak Dokimantasyon yo



Faz konstriksyon ak konfòmite a, jan ou wè li nan Tablo2, se kote yo bay pwopriyete a èd ak reparasyon, ranplasman, oswa rekonstriksyon nan aktivite konstriksyon dirèk pwogram nan fè epi fè lojman an vin yon bon pri pou mache a. Apre yo fin verifye revni lokatè a epi peryòd aksèsibilite yo ki te etabli dapre egzijans gouvènman lokal yo, y ap fèmen sibvansyon an depi pwopriyete a toujou konfòme ka tout peryòd aksèsibilite etabli dapre egzijans gouvènman lokal yo.

Tablo2: Konstrikasyon ak Konfòmite



OBJEKTIF

Objektif pwogram lwaye an se pou ede ak repase, ranplase oswa rekonstwi kay ki deja egziste epi ogmante kantite kay ki bon mache pou lwe nan kominote Siklòn Irma te afekte yo. Sa a se yon pwogram konstriksyon ki pral ede pwopriyete ki kalifye yo ak konstriksyon. Pwogram lan pral bay jesyon konstriksyon ak sèvis asirans kalite nan tout aktivite konstriksyon yo. Pwogram lan pral revize epi verifye bòdwo konpayi konstriksyon yo epi peye konpayi konstriksyon yo. Pwogram nan pral peye tout lajan an, pou pwopriyete a, bay yon konpayi konstriksyon pwogram nan chwazi nan yon entèval yo detèmine avan konstriksyon an. Pwopriyete a pa pral resevwa okenn peman dirèkteman.

Konsantrasyon prensipal HRRP pou pwopriyete lwaye se pou bay lajan pou reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon lojman pou lwe ki bon mache nan zòn Siklòn Irma te afekte yo. Nou mete objektif sa yo an plas pou mete pwogram lwaye a an plas ak pou jere li:

- 1) Bay opsyon pou lwe kay ki san danje ak rezistan nan zòn nan Florida Siklòn Irma te afekte yo.
- 2) Asire yo satisfè bezwen fanmi ki frajil ak sa ki gen revni ba ak mwayèn yo pou jwenn lojman.

Yo dwe limite tout inite pou lwe ki jwenn èd HRRP yo pandan peryòd aksèsibilite etabli dapre egzijans gouvènman lokal yo a pou se moun revni ba a mwayèn (low to moderate income, LMI) yo ki jwenn priyorite. Pri lwaye yo, ominimòm, dwe konfòme ak Pri Lwaye Gwo Patenarya Envestisman Kay la (High HOME Investment Partnership, HOME). Pri lwaye yo pa dwe depase 30% revni chak mwa pou yon fanmi ki touche 80% oswa mwens nan Revni Medyan pa Zòn (Area Median Income, AMI).

OBJEKTIF NASYONAL AK AKTIVITE KALIFYE

Objektif Nasyonal la ki apwouve pou HRRP se avantaj pou fanmi Revni Ba a Mwayèn (Low- to Moderate-Income, LMI) yo. Avi Rejis Federal ki kontwole a (FR-6066-N-01 and 6109-N-01) egzije pou 70% nan lajan pwogram nan satisfè Objektif Nasyonal LMI a ak pou depanse 80% nan tout lajan an pou kote HUD nome kominote ki Plis Afekte ak Boulvèse (Most Impacted and Distressed, MID), jan sa idantifye nan Avi Rejis Federal la. Men kèk nan aktivite ki kalifye nan pòsyon pou lwaye HRRP la:

1. Reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman inite lojman ki domaje nan Siklòn Irma, tankou:
 - a. Fè kay la vin konfòme ak kòd konstriksyon yo
 - b. Mezi Rediksyon Endividyèl pou redwi dega enpak tanpèt yo pi devan, ak
 - c. Ogmantasyon wotè.
2. Fini travay nan kay yo te repare yon pati.
3. Èd ak Demenajman Tanporè selon bezwen yon lokatè ak patisipasyon yo nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman la.

DEFINISYON YO

Zòn inondab 100 lane: Zòn ki ka inonde ak yon inondasyon ki gen 1% plis chans pou egal oswa depase nan yon ane.

Peryòd Aksèsibilite: Pou asire investisman CDBG-DR nan pwopriyete pou lwe yo bay lojman ki bon mache, HRRP ap enpoze egzijans pou lwaye ak pou abite sou lojman yo pou yon peryòd konfòmite, ki rele peryòd aksèsibilite a. Yo dwe limite tout inite pou lwe ki jwenn èd HRRP yo pandan peryòd aksèsibilite pou moun revni ba a mwayèn (low to moderate income, LMI) yo ki jwenn priyorite. Pri lwaye yo, ominimòm, dwe konfòme ak Pri Lwaye Gwo Patenarya Investisman Kay la (High HOME Investment Partnership, HOME). Pri lwaye yo pa dwe depase 30% revni chak mwa pou yon fanmi ki touche 80% oswa mwens nan Revni Medyan pa Zòn (Area Median Income, AMI). Kay pou lwe pou grenn fanmi ki repare oswa rekonstwi yo ak kote pou plizyè fanmi ki gen sèt (7) oswa mwens inite yo ap limite etabli dapre egzijans gouvènman lokal yo. Kote pou plizyè fanmi ki gen wit (8) oswa plis moun yo pral limite pou 15 ane.

Revni Medyan pa Zòn (Area Median Income (AMI): Medyòm (mwayen) revni nan kay la pou yon zòn ajiste pou kantite moun ki nan kay la selon fason Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Ozetazini pibliye li ak mete li ajou chak ane. Apre yo fin detèmine revni fanmi an, y ap konpare li ak limit revni HUD la pou kantite moun ki abite nan kay la.

Aplikasyon: Nenpòt moun ki soumèt yon aplikasyon pou èd nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an.

Nivo Monte Inondasyon (Base Flood Elevation (BFE): Yo detèmine Nivo Monte Inondasyon an selon itilizasyon Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) pou relasyon ant BFE ak ogmantasyon yon estrikti pou detèmine prim asirans pou inondasyon. Rejis Federal la etabli lòt egzijans minimòm pou kay ki pral jwenn èd nan finansman CDBG-DR epi ki bezwen yo monte nivo li. HUD te detèmine estrikti yo te bati pou moun abite epi ki nan zòn inondab 10 lane a ki resevwa èd pou nouvo reparasyon konstriksyon pou gwo domaj oswa gwo amelyorasyon dwe monte nivo yo nan etaj ki pi ba a, ak sousòl yo ladan, omwen de (2) pye sou BFE a.

CDBG-DR: Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè - Leve Kanpe Apre yon Katastwòf

Zòn Komen Anba Tèt Kay la: Zòn total anba tèt kay komen an se prensipalman andedan, espas yo ranje, epi pou kay yon sèl etaj, egal la plan kay la. Tèm sa a se menm bagay ak zòn ki kalifye a. Anplis, yo pa konsidere espas deyò tankou galri ak garaj ki detache nan zòn ki kalifye a.

Estimasyon Reparasyon ki Fèt (Completed Repairs Estimate, CRE). Yo sèvi ak CRE a pou verifye dega Siklòn Irma te fè nan pwopriyete a ak detèmine reparasyon ki te deja fèt. Yo sèvi ak estimasyon sa a pou verifye fason apwopriye pou itilize lajan yo resevwa nan men asirans la ak lòt èd pou leve kanpe apre yon katastwòf pou reparasyon ak pou itilize pou redwi Doub Avantaj (Duplication of Benefits, DOB), lè pa gen resi.

Evalyasyon Dega: Yo itilize pwosesis sa a pou verifye dega yon pwopriyete yo ka di yon fason rezonab se Siklòn Irma ki te lakòz li ak kantite domaj la ki ka gen yon valè an dola ak kalite reparasyon ki nesèsè pou repare estrikti a. L ap vin bay yon Estimasyon Reparasyon ki Fèt (Completed Repairs Estimate, CRE) epi, si sa nesèsè, yon Estimasyon Travay ki pou Fèt (Scope of Work Estimate, SWE) oswa yon Rapò Evalyasyon Rezidansyèl (Residential Valuation Report, RVR).

Demolisyon: Lè yo fin kraze ak jete bilding ki domaje ak amelyorasyon.

Andikap: Pou rezon pwogram nan, "andikap" se menm ak Lwa Sekirite Sosyal anba Lwa federal la, selon modifikasyon, 42 U.S.C. §423(d), Lwa Anfavè Ameriken ak Andikap 1990 la, selon modifikasyon, 42 U.S.C. §12102(1)-(3), epi konfòmeman ak règleman HUD nan CFR §§5.403 ak 891.505.

Doub Avantaj: Ap gen yon Doub Avantaj si Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rebati Florida a la bay yon popriyete kay èd pou menm bi a (reparasyon, ranplasman ak rekonstriksyon) menm jan ak nenpòt finansman oswa èd an nati yo te bay yon pwopriyete kay anvan pou reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon kay li. Lwa Robert T. Stafford Konsènan Èd Apre Katastwòf ak Sekou pou Ijans la (Lwa Stafford la) entèdi Rebati Florida bay Doub Avantaj epi donk, yo dwe retire sous finansman sayo sou nenpòt ki sibvansyon posib.

Elevasyon: Tout estrikti, jan sa defini nan 44 CFR 59.1, yo te bati pou moun abite epi ki nan 1% (oswa 100 lane) zòn inondab la ki resevwa èd pou nouvo konstriksyon, reparasyon pou gwo domaj oswa gwo amelyorasyon, jan sa defini nan 24 CFR 55.2(b) (10) dwe monte nivo yo nan etaj ki pi ba a, ak sousòl yo ladan, omwen de (2) pye sou 1% ogmantasyon zòn inondab chak ane a. Estrikti rezidansyèl yo ki pa genyen lojman ni moun ki abite nan yo ki gen pi piti pase de (2) pye pi wo nivo inondasyon plèn anyèl la, dwe bati pi wo oubyen ki pwoteje kont inondasyon, annakò ak FEMA nòm preteksyon kont inondasyon nan 44 CFR 60.3(c)(3)(ii) osinon nòm siksedan, jiska pou pi piti de (2) pye pi wo 1% zòn inondab chak ane a. Y ap fè ogmantasyon wotè a gras a konstriksyon pil ak pout. Ranpli pou atenn yon ogmantasyon wotè apwopriye pa p kalifye.

Fanmi: Yon fanmi ki genyen de (2) oubyen plis moun ladan li ki gen yon lyen. Tèm "fanmi" an genyen ladan l tou youn (1) oswa plis moun ki kalifye ki abite ak yon lòt moun oswa moun yo detèmine ki enpòtan pou karyè yo oswa byennèt yo.

Rejis Federal: se journal ofisyèl gouvènman Federal Etazini an ki genyen règ ajans gouvènman, règ yo pwopoze, ak nòt piblik. Li pibliye chak jou, sòf jou fèt federal. Yon Avi Rejis federal (Federal Register Notice, FRN) soti pou chak katastwòf CDBG-DR finance. FRN nan defini règ ki aplike yo pou chak alokasyon fon lè gen katastwòf.

FEMA-Zòn yo Rele Zòn a Gwo Risk: Zòn FEMA kalifye kòm zòn vilnerab a gwo van ak/oswa domaj ond tanpèt ak kote ki chita kò yo nan zòn inondasyon 100 lane yo. Y ap idantifye zòn sa yo pandan pwosesis etid anviwònman an pou chak jiridiksyon k ap patisipe.

Fwaye: Yo defini fwaye kòm tout moun ki abite menm inite lojman an, san konsidere ki relasyon yo genyen youn ak lòt. Moun k ap abite nan kay la ta ka yon fanmi monoparantal, de (2) oswa plis fanmi pa p viv ansanm oubyen tout lòt gwoup moun ki gen yon lyen oubyen ki pa gen lyen ki aranje yo pou yo viv ansanm. Pou aktivite an fanmi yo, objektif tès pou n jwenn moun ki pa gen gwo mwayen yo baze sou lojman LMI yo.

HUD: Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ozetazini

Depans Ogmante pou Konfòmite (Increased Cost of Compliance, ICC): Estrikti yon inondasyon andomaje ka nesèsè pou reponn a sèten non konstriksyon pou redui ris yon inondasyon nan avni avan yo kapab rekonstwi oubyen repara edifis la. Pou ede yo kouvri frè sa yo, Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon an (NFIP) ajoute yon kouvèti Ogmantasyon Kou Frè Konfòmite pou tout Kontra asirans kont inondasyon Kouran yo ki nouvo oswa ki renouvle. ICC se yon Doub Avantaj si mèt yon batiman mande pou yo ranbouse l oswa mande èd siplemantè pou yo fè batiman l lan vin pi wo, demoli l, prepare l kont inondasyon—youn nan opsyon sa yo disponib nan ICC—e deja benefisye yon avantaj ICC nan NFIP.

Mezi Rediksyon Endividyèl (Individual Mitigation Measures, IMM): Aktivite yo fè pou yo minimize e/oubyen redui ris ki pa nan eta anvan katastwòf inite lojman lè aktivite yo depase gouvènman federal la, eta, oswa konstriksyon lokal la oubyen egzijans kòd. Selon gid HUD a, reparasyon inite lojman ak pèyman asirans kont inondasyon pa aktivite IMM, Egzanp aktivite IMM yo gen ladan yo: monte baz pi wo pase nivo monte inondasyon an, oubyen ajoute volè antitanpèt, fenèt kont van, elatriye, toutotan amelyorasyon sa yo pa nesèsè pou respekte egzijans kòd lokal yo e yo pa t ekziste nan lojman an anvan domaj katastwòf la.

Objektif Nasyonal Revni Ba a Mwayèn (Low to Moderate Income, LMI): Aktivite ki bay fwaye revni total anyèl yo pa depase 80% Revni Medyan pa Zòn (AMI), yo ajiste pou dimansyon fanmi. Y ap detèmine e verifye kalifikasyon pou salè selon Rekòmandasyon HUD la. Limit revni ki pi kouran yo, HUD pibliye chak ane a, y ap itilize l pou yo verifye kalifikasyon pou chak fanmi ki fè demand pou èd nan lè yo bay èd la.

- **Ba anpil anpil:** Revni anyèl fwaye ale jiska 30% Revni Mwayen fanmi pa Zòn, jan HUD detèmine l la, yo ajiste l selon tay fanmi an.
- **Trè Ba:** Revni anyèl fwaye ale jiska ant 31% ak 50% Revni Mwayen fanmi pa Zòn, jan HUD detèmine l la, yo ajiste l selon tay fanmi an.
- **Ba:** Revni anyèl fanmi ale jiska ant 51% ak 80% Revni Mwayen fanmi pa Zòn, jan HUD detèmine l la, yo ajiste l selon tay fanmi an.

Inite Lojman Mobil/Prefabrike (Mobile/Manufactured Housing Unit, MHU): Yon estrikti yo ka transpòte nan youn oswa plizyè seksyon ki, nan mòd depasman kò 8 pye oswa plis nan lajè oswa kò 40 pye oswa plis nan longè, oswa lè li kanpe sou sit la, se omwen 3202 pye kare, epi yo bi li sou yon chasi pèmanan epi yo te kreye li pou itilize nan yon lojman ki genyen oswa pa genyen yon fondasyon pèmanan lè yo konekte li ak sèvis piblik ki nesèsè yo, epi sa gen ladan sistèm plonbri, klimatizè, ak elektrisite anndan li. Pafwa yo ka rele li kay mobil.

Lojman Modilè: Yon kay ki bati pa moso nan yon faktori pou l kapab reponn ak egzijans konstriksyon eta a, lokal oswa zòn nan. Kou yo fin asanble l, lojman modilè a vin fiks nan yon sit nèt. Pwogram nan ap trete lojman modilè yo tankou konstriksyon tradisyonèl, oswa konstriksyon ki fèt ak poto an bwa.

Zòn ki Plis Afekte ak Boulvèsè (Most Impacted and Distressed, MID): Zòn ki plis touche yo jan HUD evalye yo a oubyen eta a itilize pi bon resous done li genyen ki disponib pou l kalkile kantite dega

katastwòf la fè. Zòn HUD konsidere kòm MID yo gen ladan yo Konte Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Lucie, Volusia; 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, 34266. Zòn eta a idantifye kòm MID gen ladan tou sa yo ki resevwa Èd Endividyèl (Individual Assistance, IA) ansanm ak Èd Piblik (Public Assistance, PA) nan men Ajans pou Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency (FEMA).

NFIP: Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon. Lè pwogram nan fè referans ak NFIP nan kontèks kalifikasyon oswa Doub Avantaj, pwogram nan fè referans ak pwogram asirans kont inondasyon prive ak piblik ki kouvri reparasyon estrikti dega inondasyon.

Pa Bon pou Reparasyon: DEO defini "pa bon pou reparasyon" an kòm youn nan de (2) definisyon sa yo:

1. Pwopriyete rezidansyèl ki sibi pèt plizyè fwa nan Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon an (National Flood Insurance Program, NFIP).
2. Lojman yo konsidere ki pa reponn ak nòm yo e ki pa reponn ak kritè reparasyon pwogram reparasyon lojman an e/oubyen egzijans lwa federal, eta, lokal yo pa p konsidere yo bon pou reparasyon, jan pwogram nan tabli l la e ki konfòm ak enstriksyon pwogram nan. Desizyon an ka chita sou baz kalkil kou reparasyon an prèske oubyen depase depans pou rekonstriksyon an.

Asirans pou Domaj Pwopriyete: Asirans ki kouvri reparasyon nan yon kay akoz van, dife, lapli van an pouse, tonad, ouragan, oubyen katastwòf natirèl, ki pa inondasyon.

Rekonstriksyon: Demolisyon ak rekonstriksyon yon inite lojman sou menm tèren an pratikman menm jan an ak menm sipèfisi a. Nonm inite lojman sou tèren an ka ogmante ak sipèfisi premye a, estrikti rezidans prensipal y ap rekonstwi a ka pa pratikman depase; sepandan, nonm chanm nan yon inite lojman ka ogmante oubyen diminye.

Rekonstriksyon: Demolisyon, deplasman, ak eliminasyon yon inite lojman e ranplasman menm inite sa a sou menm tèren an, e nan menm plas li te okipe a, ak yon nouvo inite ki respekte Lwa Entènasyonal Rezidansyèl (International Residential Codes, IRC), jan Lwa Florida a egzije l. Nonm inite lojman sou tèren an ka pa ogmante ak sipèfisi premye a, estrikti rezidans prensipal y ap rekonstwi a ka pa pratikman depase; sepandan, nonm chanm nan yon inite lojman ka ogmante oubyen diminye.

Moun ki Enskri: Nenpòt moun ki enskri nan pwogram nan.

Enskripsyon: Premye pa yon pwopriyete kay dwe fè pou l chache avantaj nan pwogram nan. Enskripsyon an ap abouti ak priyòrizasyon yon moun ki enskri pou l fè demann si li reponn ak egzijans fondamantal yo. Sa a li diferan e li separe ak demann lan.

Reparasyon: Reparasyon ak restorasyon inite lojman nan zòn dezaz la afekte a nòm konstriksyon epi lwa sou konstriksyon ki aplikab.

Ranplasman: Demolisyon, deplasman ak ranplasman yon MHU ki domaje ak yon nouvo MHU ki gen prèske menm anprent la oswa yon nouvo kote si inite orijinal ki domaje a te sou yon teren yo te lwe epi pwopriyete MHU a dwe demenaje sou yon nouvo pwopriyete. Pral bezwen gen plis evalyasyon anviwònmanal pou deplasman yon nouvo MHU.

Rapò Evalyasyon Rezidansyèl (Residential Valuation Report, RVR): Lè yon estrikti te deja demoli oswa yo pa kapab evalye li pou reparasyon epi yo pa ka prepare yon Estimasyon Travay ki pou Fèt, yo ka prepare yon Rapò Evalyasyon Rezidansyèl. Rapò sa a konsidere enfòmasyon sou estrikti anvan an ki disponib epi li bay yon evalyasyon ak yon ide sou pri rekonstriksyon pou estrikti a.

Aktivite Lwaye: Reparasyon lojman bon mache pou ka gen estrikti kote omwen 51% nan inite yo se moun LMI ki abite nan yo. Gen restriksyon sou revni ak lwaye pou inite lwaye ki jwenn èd CDBG-DR. Pwopriyete pwopriyete pou lwe yo kalifye anba HRRP.

Estimasyon Travay ki pou Fèt (Scope of Work Estimate, SWE): Yon dokiman detaye ki gen estimasyon sou dega yo te obsève lè yo te vizite pwopriyete a ki mete kantite materyo ak travay k ap nesesè pou repare dega yo te wè yo.

Dezyèm Kay: Pwopriyete yo sèvi kòm dezyèm kay lè gen katastwòf la, oswa apre yon katastwòf, ki pa kalifye pou èd ak reparasyon oswa rekonpans pou lojman. Yon dezyèm kay se yon kay ki pa kay prensipal pwopriyete a, yon lokatè oswa yon moun ki abite nan kay la pandan tanpèt la oswa lè li aplike pou èd la. HUD te etabli yon kondisyon altènatif pou dezyèm kay ki ka pèmèt yo bay èd pou sikonstans limit yo kowòdone ak HUD.

Kay ki bati ak baton: Yon kay ki te bati sou sit la ak materyo ak metòd konstriksyon tradisyonèl.

Gwo Amelyorasyon: Jan li defini nan 24 CFR 55.2 (b) (10) ak jan li aplikab pou HRRP, gwo amelyorasyon vle di nenpòt reparasyon, rekonstriksyon, modènizasyon oswa amelyorasyon nan yon estrikti, pri a egal oswa depase 50% valè sou mache a pou estrikti a swa avan amelyorasyon an oswa reparasyon yo te kòmanse oswa si estrikti a te domaje, epi y ap repare li, avan domaj la te fèt. Detèminasyon konsènan gwo amelyorasyon yo fèt selon ofisyèl ranfòsman kòd lokal, pèmi konstriksyon, bilding ak / oswa zòn inondab yo. Pwogram lan pral respekte detèminasyon sa yo.

1.2 Limit sou Revni HUD

Kontrèman ak pòsyon pou pwopriyete kay yon sèl fanmi HRRP yo, pwogram lwaye nan HRRP a pa egzije pou pwopriyete a gen yon revni fwaye ki 120% oswa mwens Revni Medyan pa Zòn (AMI) an. Pito, pwogram lwaye a kalifye pwopriyete yo selon sitiyoasyon LMI lokatè yo gen kounye a ak lokatè yo pral gen pi devan yo.

Aplikan ki resevwa lajan CDBG-DR pou reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman pwopriyete ki domaje anba pwogram lwaye an dwe gen yon kontra-lwaye oswa dakò pou bay kontra-lwaye pou inite lwaye sa yo bay fwaye revni ba a mwayèn yo (80% Revni Medyan pa Zòn oswa mwen) nan pri lwaye ki kontwole. Pri lwaye yo, ominimòm, dwe konfòme ak Pri Lwaye Gwo Patenarya Envestisman Kay la (High HOME Investment Partnership, HOME). Peryòd Aksèsibilite yo ap etabli dapre egzijans gouvènman lokal yo pou kay yo te repare oswa rekonstwi ak finansman CDBG-DR pou Siklòn Irma yo.

1.3 Kondisyon Pwogram nan

1. Tout aktivite lojman pou HRRP pral satisfè objektif nasyonal ki obligatwa dapre lwa ki otorize pwogram CDBG a ki benefisye moun Revni Ba a Mwayèn (Low to Moderate Income, LMI) , kote omwen 70% nan finansman an ap benefisye popilasyon sa yo.
2. Pwopriyete ki aplike pou èd pou katastwòf yo ap gen priyorite selon kritè priyozasyon ki detaye nan enstriksyon yo ki nan seksyon 1.6.
3. Pwopriyete a dwe satisfè sèten nòm kalifikasyon pou kalifye pou jwenn èd. Nou pale pli sou nòm kalifikasyon yo diskite nan Pati 2 2 of nandokiman sa a.
4. Pou aktivite èd, yo te montre se Siklòn Irma ki te lakòz dega yo nan estrikti a dirèkteman. Nou ote detay sou dega yo nan Part 2 nan dokiman sa a.

5. Pri lwaye yo pa dwe depase 30% revni chak mwa pou yon fwaye ki touche 80% oswa mwens AMI a epi ki konfòme ak Pri Lwaye Gwo Patenarya Envestisman Kay la (High HOME Investment Partnership, HOME).
6. Pwopriyete a dwe pase yon revizyon anviwònmantral ki obligatwa nan nivo federal. P ap gen okenn konstriksyon toutotan yo poko fè evalyasyon anviwònmantral la.
7. Yo dwe fè yon evalyasyon dega/ enspeksyon Estimasyon Travay ki pou Fèt (Scope of Work Estimate, SWE). Evalyasyon dega a dwe gen ase detay pou jwenn òf ak estimasyon depans. Reparasyon nan rezidans lan dwe fè pwopriyete a fin konfòm ak kòl sante, sekirite, ak konstriksyon lokal epi pase yon enspeksyon Nòm Kalite Lojman. Depans pwojè yo dwe rezonab ak tipik pou mache nan moman an pou menm kalite pwojè konsa.
8. Pwojè a dwe respekte tout kondisyon federal, eta ak lokal ki aplikab yo.

1.4 Enskripsyon

Enskripsyon se premye la yon moun ka pran pou chèche jwenn avantaj nan HRRP. Enskripsyon yo pral ouvri pou yon peryòd omwen 90 jou. Tanpri sonje enskripsyon pa yon aplikasyon. Kèlkeswa kantite pwopriyete lwaye yon pwopriyete kay pou lwaye vle enskri, se yon sèl enskripsyon li genyen pou chak pwopriyete. Pwosesis enskripsyon an pral pèmèt yon pwopriyete kay pou lwaye enskri plizyè pwopriyete ki domaje nan kont enskripsyon pwopriyete a. N ap fèmen enskripsyon doub pou se yon sèl enskripsyon pa pwopriyete ki rete aktif.

Yon Plan kominikasyon Estratejik ap chwazi kijan popilasyon yo pral vize pou sansibilizasyon ak enskripsyon. Si peryòd 90 jou a pa ase pou jwenn kantite enskripsyon ki nesèsè pou satisfè kantite aplikasyon priyorite ki nesèsè pou depanse lajan yo, DEO ka pwolonje peryòd sansibilizasyon an pou yon lòt 90 jou ankò. Si gen nenpòt pwolongasyon ak peryòd yo pran aplikasyon ki plis pase 90 jou, nou pral anonse sa sou sitwèb Rebati Florida a nan www.rebuildflorida.govjan sa detaye nan Plan Kominikasyon Estratejik la.

Pou enskri y ap bezwen soumèt enfòmasyon debaz konsènan moun k ap enskri a ak pwopriyete li ki domaje yo. Pou pwopriyete ki pou l we yo, sa gen ladan tou enfòmasyon sou fwaye lokatè yo. Pwosesis enskripsyon an pèmèt DEO evalye popilasyon ki potansyèlman kalifye yo epi kòmanse pwosesis pou bay priyorite a. Yon fwa yo ba yon bon kantite moun ki enskri priyorite, DEO ap kòmanse envite moun ki enskri yo pou bay plis enfòmasyon bay pwogram lan ak yon pwosesis aplikasyon. N ap envite moun ki enskri ki gen priyorite yo pou aplike avan moun ki enskri ki pa gen priyorite yo.

Tout moun ki enterese ki vle chèche èd nan men HRRP dwe enskri avan. Pou enskri nan pwogram nan, yon moun kapab:

1. kontakte sant dapèl Rebati Florida a nan 1-844-833-1010,
2. ale sou sitwèb yo a nan www.RebuildFlorida.gov,
3. ale nan yon sant èd ak lojman, oswa
4. ale nan yon aktivite sansibilizasyon, lè yo disponib, nan kominote lokal la.

W ap jwenn adrès ak lè sant èd pou lojman yo louvri nan dokiman sansibilizasyon yo epi y ap afiche sou sitwèb Rebati Florida a. Sansibilizasyon ak admisyon ap louvri pou peryòd enskripsyon 90 jou a. Y ap fè piblisite pou aktivite sansibilizasyon yo sou sitwèb Rebati Florida a epi anonse li ak afilye avèk asosye medya lokal yo.

1.5 Aplikasyon

- Se sèlman apre ou vin ranpli ak soumèt fòm aplikasyon HRRP Rebati Florida ofisyèl la, epi ou soumèt tout dokiman sipò yo, y ap konsidere ou gen yon aplikasyon pou avantaj pwogram nan.
- Nenpòt moun ki te soumèt yon aplikasyon avan pou èd pou leve kanpe apre yon katastwòf bay yon òganizasyon ki pa la pou fè benefis, yon ajans federal, eta, oswa lokal, pral bezwen soumèt yon aplikasyon apa ki espesyalman pou HRRP Rebati Florida a.
- Menmsi ou soumèt yon fòm kòmantè piblik oswa lòt dokiman alekri konsènan dega pandan rankont yo, sa pa yon aplikasyon pou HRRP Rebati Florida a.
- Anplwaye pwogram nan pral sètifye kalifikasyon pou èd anvan yo bay nenpòt ki lajan bay yon aktivite oswa benefisyè.
- Yo pa garanti moun enskri ak aplikan yo èd, mwen yo pral bay yo selon finansman ki disponib ak kalifikasyon yo pou avantaj.
- Y ap aksepte aplikasyon yo sèlman si ou enskri pandan peryòd sansibilizasyon ki pibliye a oswa jiskaske yo resevwa kantite aplikasyon yo te swete a. Ka gen lòt peryòd admisyon pita selon finansman ki disponib ak bezwen pou kalifye plis aplikan.
- Yo pral envite pwopriyetè yo pou aplike selon priyorite, jan li dekri anba a nan seksyon 1.6.

1.6 Plan Priyorite

Paske nou rekonèt \$436 milyon dola yo pral bay pou lojman pwopriyetè yo abite ladan yo ak pwopriyete pou lwe yo pa pral regle tout bezwen yo, nou pral bay moun ki gen plis risk ak sa ki pi frajil ki gen plis bezwen yo pi gwo priyorite. Nan yon minimòm, 70% nan finansman pwogram nan dwe satisfè yon objektif nasyonal Revni Mwayèn a Modere.

Pwopriyetè kay pou lwe yo ki lwe pwopriyete a bay lokatè ki gen revni ki plis pase 120% AMI yo pral kalifye pou pwogram sa a. Pwopriyetè ki pou lwaye oswa yo lwe pou moun ki abite avèk youn oswa plizyè nan karakteristik sa yo nan moman an pral gen priyorite ak epi yo pral trete aplikasyon yo selon lè yo te resevwa li a:

- Revi ki ba, trè ba, oswa ba anpil anpil yo
- Fwaye ak moun aje ki gen 62 zan oswa plis yo
- Fwaye ki gen timoun ki gen 5 lane Siwa pi piti yo
- Kay ki gen bezwen espesyal oswa egzijans pou aranjman espesyal (andikape)
- Moun ki te deplase soti nan Puerto Rico ak Zile Vyèj Ameriken yo, epi yo rete Florida nèt

Paske li gen yon akò sibvansyon ak yon obligasyon pou tout finansman pwogram nan, DEO pral analize rès aplikan ki kalifye yo epi li ka chwazi re-distribye fon yo nan plizyè pwogram oswa mete rès aplikan yo annatant jiskaske yo trete aplikasyon tout aplikan ki gen priyorite yo epi yo reyalize sa ki gen plis bezwen yo. Paske yo kontwòl pwodiksyon admisyon aplikasyon yo, DEO gendwa chwazi pou chanje pousantaj finansman an oswa re-distribye plis finansman bay lòt pwogram ki gen mwen patisipasyon pou maksimise èd bay aplikan kalifye ki gen priyorite yo ak sa k ap chèche èd HRRP yo.

1.7 Pwogram Edikasyon

Yo pral bay tout aplikan yo pwogram edikasyon pou eksplike detay pwogram nan, pwosesis aplikasyon an, ak kritè kalifikasyon ak priyoritizasyon yo, enpak lè yo aksepte yon sibvansyon, egzijans pou

konfòm apre aktivite yo fini, ak obligasyon alontèm yo ap genyen poutèt finansman sa a. Pwosedi pou pwogram edikasyon an pral detaye nan yon dokiman apat.

1.8 Estrikti ki Kalifye yo

Estrikti ki kalifye pou pwogram lwaye HRRP Rebati Florida a gen ladan kay poto tradisyonèl pou moun abite ak Inite Lojman Mobil/ Prefabrike (Mobile/Manufactured Housing Units, MHU). Estrikti ki kole yo kalifye si yo anba menm tèt kay komen ak grenn estrikti ki domaje a epi yo tache ak estrikti a yon fason pèmanan.

- ✓ Kay mobil oswa kay prefabrike yo ka kalifye pou reparasyon nan pwogram sa a. Sepandan, pou yo pa twò chè, kay mobil y ap repara a pa dwe gen plis pase 5 kan lè y ap bay èd la epi depans ki nesèsè pou reparasyon an pa ta dwe plis pase \$15,000 (tout kalite depans pou konstriksyon an). Nenpòt kay mobil / kay prefabrike ki gen plis pase 5 ane oswa ki gen yon pri reparasyon estime ki pral plis pase pase \$ 15,000, yo pral mande pou ranplase kay mobil/ kay prefabrike sa a ak yon lòt. Si yo repara li, kay mobil la dwe satisfè Nòm Kalite Lojman HUD (HQS) yo apre li fini. Ranplasman mobil kay yo pral satisfè Nòm Konstriksyon Ekolojik la. Pwogrma nan ap obsève gzijans pou zonaj lokal ak kòd konstriksyon yo.
 - a) Yon estrikti kote nenpòt pòsyon kay la ki gen yon MHU, kèlkeswa kantite adisyon ak modifikasyon ki fèt, pral konsidere pou reparasyon osw ranplasman ka pa ka.
 - b) MHU yo ka ranplase sèlman ak yon lòt MHU kote restriksyon pou itilize teren an pa entèdi ranplasman MHU a.
- ✓ Kondominyòm, diplèks, triplèks, ak kadplèk ak lòt lojman ki pataje menm mi a (ak yon total kat (4) inite lojman oswa mwen) ka kalite estrikti ki kalifye. Sepandan, gen dwa gen lòt restriksyon ki gen rapò ak zòn komen nan estrikti sa yo. Yo pral konsidere estrikti ki gen plis pase kat (4) inite yo ka pa ka.
- ✓ Apatman ki pou Otorite Lojman Piblik.
- ✓ Yo pral konsidere kay moun itilize pou abite ansanm ak biznis yo pou kalifikasyon ka pa ka.
- ✗ Garaj ak lòt pati ki pa tache ak kay prensipal la pa kalifye pou reparasyon. Amelyorasyon yo dwe fizikman atache ak kay la epi yo dwe pèmanan.
- ✗ Veyikil lwazi ak trelè kanping yo itilize kòm yon rezidans pa kalifye pou pwogram lan.
- ✗ Kay bato ki itilize kòm yon rezidans pa kalifye pou pwogram lan.
- ✗ Dezyèm kay yo ka kalifye anba pwogram lokasyon an sèlman si dezyèm kay la konvèti an lojman abòdab pou lwa pandan peryòd aksèsibilite ki nesèsè a. Yo pral evalye eksepsyon limite sa a ka pa ka epi l pral bezwen otorizasyon HUD.
- ✗ Pwopriyete sezon, kout tèm ak vakans pou lwa yo pa kalifye pou èd.
- ✗ Inite Lojman kote règ federal pa pèmèt èd federal, tankou kote ki gen inondasyon, oswa zòn swa yon ayewopò sivil oswa militè pa kaliye.

1.9 Kalite Èd yo Ofri

Yo ka ofri aplikan yo reparasyon selon degre domaj nan inite lojman an. Ranplasman Kay Mobil/Kay Prefabrike(MHU) yo pral limite a a sitiyasyon kote pèmi zonaj/konstriksyon lokal yo, oswa egzijans federal, tankou règleman anviwònmantral yo, pral pèmèt ranplasman estrikti original siklòn nan de domaje a ak yon estrikti takou li.

Konprann li ka nesesè pou lokatè yo kite inite lokasyon yo pandan peryòd reparasyon an, DEO ap bay èd pou demenaje selon egzijans Lwa Demenajman Inifòm (Uniform Relocation Act, (URA). Gade Règleman Èd Lwaye Demenajman Tanporè a nan Seksyon 1.10.

Pwogram sa a pa peye pou ranplase materyo ak ekipman. Pwogram lan pral ofri ekipman fondamantal estanda pou fè yon kay yo lwe vin san danje epi yo pral evalye tout amelyorasyon pou wè si yo konfòme ka HUD Seksyon 8 Nòm Kalite Lojman (HQS) ki Egziste, ak kòd konstriksyon lokal yo. Ekipman estanda ki pa fonksyone nan moman enspeksyon an tankou frijidè, recho ak / oswa fou yo kapab ranplase. Bagay liks, tankou kontwa granit (oswa lòt bagay chè), ekipman chè, plafon ak pyè, aparèy pou louvri pòt garaj, sistèm sekirite, pisin, baryè ak satelit televizyon pa kalifye nan HRRP. Machin pou lave ak seche yo pa kalifye pou ranplasman.

Kote ranplasman yon kay MHU oswa modilè endike, yo pral ofri opsyon plafon estanda a. Si yo bay yon kay ranplasman, yo dwe demoli MHU oswa kay modilè a epi retire li sou sit la avan yo ranplase li ak yon lòt. Yo pral detèmine kantite inite ranplasman an avèk itilizasyon estanda HUD kote yo aplikab.

Paramèt amelyorasyon adisyonèl yo gen ladan:

- Mezi ak amelyorasyon ki pa chè ki satisfè kòz zonaj ak konstriksyon lokal, Bon Sekirite ak Pwòpte (eцент Safe and Sanitary, DSS)m oswa Nòm Kalite Lojman (HQS) ki obligatwa, sitou amelyorasyon sa yo ki ajoute pi bon rezistans, tankou elevasyon gwo konpoze elektrik, pwoteksyon tèt kay, ak lòt bay yo kalifye.
- Tès penti ki fèt ak plon, rediksyon ak estabilizasyon, jan sa nesesè. Si yon kay pral ranplase oswa rekonstwi, tès penti ki fèt ak pa pral aplike. Ranplasman / rekonstriksyon pwopriyete a pral otomatikman fè yo retire nenpòt danje ki te gen avan.
- Tès amyant, diminisyon oswa anilasyon, jan sa nesesè.
- Tès mwezi ak remedyasyon, jan sa nesesè.
- Seksyon 106 kondisyon Konfòmite Achitekti Istorik yo enpoze nan Divizyon Resous Istorik Florida a, jan sa nesesè.
- Aksèsibilite pou bezwen espesyal ki dokimante. Inite lokasyon ki rete nan bezwen espesyal oswa moun aje (laj 62 oswa plis) moun dwe analize kòm bezwen espesyal fizik moun sa yo. Amelyorasyon tankou pòt ki lach, ranp, nivo antre ak papòt ak baraj pwan nan zòn benyen yo dwe enstale, si sa apwopriye. Yo ta dwe konsidere adaptasyon pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa wè yo.
 - Pwopriyete ki gen misyon pou sèvi popilasyon lokatè ki andikape yo ka kaliye pou enstalasyon sèvis aksèsibilite nan pwopriyete lwaye yo ki domaje a.
 - Pwopriyete ki gen entansyon pou lwe bay moun aje / moun andikape yo pral dokimante ak siyati pwopriyete pou fè piblisite bay lokatè ki aje ak andikape.
- Aparèy ki estanda se sèlman frijidè, recho / fou si yo pa mache pandan enspeksyon an. Menm si aparèy ranplasman yo kapab estanda, pa kalite liksye, yo pral klase EnergyStar®, si disponib.
- Vantilasyon ak atik efikasite enèji tankou fanatik plafon, ekran fenèt, ak ekran pòt si yo manke oswa pa fonksyonèl nan moman enspeksyon.
- Elevasyon ak etaj ki pi ba a de (2) pye anba nivo monte inondasyon an (BFE), nivo kay nan zòn inondab 100 lane yo ki te gen gwo dega, te gen gwo amelyorasyon, rekonstriksyon, ak ranplasman. Wotè elevasyon ki anwo BFE a ap gouvène pa Avi Rejis Federal la, anba premye etaj la dwe de (2) pye pi wo pase BFE.

- Tout eleman elektrik yo dwe enspekte ki gen ladan sèvis, mèt, fil elektrik ak enstalasyon menm si yo pa gen okenn travay elektrik espesifye. Yo dwe ranplase sa ki danjere yo. Tout fil ki pa kouvri, bouton, ak anpil nan zòn moun ap viv yo dwe kouvri.
- Tout kay yo dwe ekipe ak detektè lafimen ak monoksid kabòn enstale nan selon egzijans kòd yo.
- Lòt depans ki asosye tankou egzijans pou konstriksyon ekolojik ak rediksyon, asirans, modifikasyon pou bay aksèsibilite, reparasyon oswa ranplasman dlo, egou ak bezwen pou koneksyon sèvis piblik kapab ladan.

1.10 Èd pou Demenaje Lokatè a

Yo pral mete priyorite sou reparasyon lojman an, kontrèman ak demolisyon, lè li posib, pou evite fè moun yo deplase. Tout lokatè yo pral jwenn yon avi davans selon Lwa Demenajman Inifòm (Uniform Relocation Act, (URA) a, epi entèval yo ki presize nan Lwa a. Tout lokatè yo dwe deplase poutèt HRRP ap jwenn, nan yon minimòm, èd konsiltasyon pou demenajman jan sa endike nan 49 CFR Pati 24.205, ki gen ladan èd pou depeze reklamasyon ak kontestasyon.

Si HRRP detèmine li nesèsè pou tanporèman deplase lokatè yo nan yon bilding y ap repare, ranplase oswa rekonstwi, lokatè a kalifye pou:

1. Yo voye li nan lojman tanporè ki apwopriye, san danje, epi ki pwòp;
2. Depans pou demenaje ki rezonab
3. Nenpòt ogmantasyon nan depans lojman pou tan an moun nan lwen bilding lan, ki gen ladan nenpòt ogmantasyon nan lwaye ak sèvis piblik; ak
4. Dekonekte ak rekonekte sèvis piblik yo, jan sa nesèsè.
5. Dwa pou refize retounen nan kay la lokatè a te ye avan an.

Nan okenn ka lokatè yo pa pral oblije deplase pou yon peryòd ki depase 12 mwa. Si li pase plis pase yon (1) ane deyò inite a, y ap kontakte lokatè a epi ofri li yon chwa pou swa tann toujou oswa trete li kòm yon pou ki deplase yon fason pèmanan epi, yo pral bay li pwoteksyon konplè tankou yon moun lokatè ki deplase yon fason pèmanan selon URA.

HRRP pral revize tout reklamasyon pou èd ak demenajman byen vit. Yo pral avèti moun k ap fè reklamasyon touswit nenpòt lòt dokiman ki nesèsè pou sipòte reklamasyon an. Peman pou reklamasyon an dwe kòmanse nan lespas 30 jou apre yo resevwa dokiman pou sipòte reklamasyon yo.

Si yon moun demontre nesèsite pou yon peman demenajman davans pou evite oswa redwi difikilte, yo pral bay moun pòsyon ki nesèsè nan peman an, sijè a pwoteksyon jan sa apwopriye, pou asire objektif peman an akonpli.

Anjeneral, sitwayen yo ak moun ki gen kondisyon kalifye etranje yo kalifye pou avantaj yo anba URA a epi rezidan ilegal yo pa gen dwa a avantaj sa yo. Nan ka kote gen yon sèl oswa plizyè rezidan legal nan kay la, yo ka bay avantaj yo sèlman sou yon baz pwo-rata nan kèk ka, epi sèlman si li detèmine deplasman an t ap bay gwo pwoblèm si yo pa te bay èd la (49 CFR 24.208). Sepandan, nenpòt lokatè ki deplase, kèlkeswa sityasyon li, ap gen dwa pou refize retounen nan yon inite lokasyon ki repare nan lwaye ki bon mache, jan sa defini nan enstriksyon yo.

Yo pa pral refize okenn moun kalifikasyon pou avantaj URA si li t ap gen dwa pou resevwa li paske moun nan pa ka satisfè egzijans pou rete nan la ki etabli nan règleman URA yo pou yon rezon li pa ka kontwole.

1. Yon katastwòf, yon ijans, oswa yon menas iminan pou sante piblik oswa byennèt sosyal, jan Prezidan an, Ajans Federal ki finanse pwojè a, oswa Ajans depasman an detèmine.
2. Yon lòt rezon, tankou yon reta nan konstriksyon nan kay la ranplasman, misyon militè, oswa lopital rete, jan yo detèmine nan HRRP.

Gen yon entèdiksyon kont HRRP pou fè yon peman bay yon moun anba règleman URA ki t ap lakòz yon peman doub pou moun ki resevwa anba lwa Federal, Eta, oswa Lokal. HRRP pa oblije fè yon rechèch konplè pou lòt peman sa yo; li sèlman oblije evite kreye yon repetisyon ki baze sou konesans HRRP a nan moman an se yon peman kalkile.

Chak aplikan dwe bay enfòmasyon sou moun ki abite pwopriyete a, si genyen, sou aplikasyon yo a. Aplikan yo dwe bay enfòmasyon sou tout moun ki te abite nan kay la nan dat katastwòf la.

Pwopriyete yo pa dwe mete deyò oswa fòse lokatè ki deja nan kay la pou aplike pou pwogram sa a. Men sa k pral rive si ou fè sa:

- a. Pwopriyete a pral vin pa kalifye pou resevwa avantaj nan pwogram nan;
- b. Ka vin gen sanksyon legal; epi
- c. Sa ka deklanche yon èd demenajman pou lokatè a, epi se pwopriyete a k ap responsab. Pwopriyete a ap oblije ranbouse pwogram nan pou tout depans demenajman (tanporè oswa pèmanan) ki asosye ak depasman lokatè yo si se pwogram nan fòse yo okipe depans sa yo. Depans sa yo ka gen ladan depans lojman ogmante, depans pou demenaje yo ak depans ki nesèsè pou depans nan pòch lokatè yo deplase a oswa lòt depans peman èd lojman URA kontwole.

Pwopriyete yo pa kapab lwe apre datapre aplikasyon an pou èd ak anvan yo fini konstriksyon ki lakòz yo bay yon Sètifika pou Abite (Certificate of Occupancy, COO).

Si yo ta janm fòse lokatè yo pou yo kite kay la, yo pral swiv règ demenajman.

Lokatè yo te deplase nan mwa septanm 10, 2017, dirèkteman akòz Siklòn Irma yo ka kalifye pou èd pou demenajman nan URA. Pwogram nan ap fè dilijans li yo pou jwenn lokatè ki deplase yo epi ofri èd ki nesèsè yo.

Y ap devlope plis règ ak pwosedi nan HRRP pou kontwole mizanplas egzijans URA yo.

1.11 Nòm pou Konstriksyon

HRRP pral mete an plas metòd konstriksyon ki mete aksan bon kalite, dire, itilize enèji byen, dirab, epi ki ka reziste mwezi. Tout reparasyon, rekonstriksyon ak nouvo konstriksyon yo pral fèt pou enkòpore prensip dirabilite, tankou efikasite dlo ak enèji, rezistans ak rediksyon kont enpak katastwòf nan pi devan. HRRP pral aplike ak kontwole rezilta konstriksyon yo pou asire sekirite rezidan yo ak kalite kay yo ede nan pwogram nan. Tout inite lojman yo repare oswa ranplase dwe konfòm eka Nòm Kalite Lojman (HQS) HUD nan moman an. Èd lojman yo bay anba pwogram lan pral bati avèk aksan sou bon kalite, dirab ak enèji metòd konstriksyon ak materyèl efikas.

Sa yo fè pati nòm minimòm yo:

- Nòm konstriksyon yo pral baze sou Kòd Konstriksyon Florida yo epi yo dwe satisfè oswa depase egzijans ki genyen yo.
- Konstriksyon ap konfòme avèk Nòm Konstriksyon Ekolojik Florida a pou tout nouvo konstriksyon rezidansyèl bilding yo ak pou tout ranplasman bilding ki byen domaje rezidansyèl yo (sètadi, kote depans reparasyon yo depase 50% pri ranplasman) anba Florida Green Building Coalition.

- Pou pwojè reparasyon yo, eta a pral swiv Lis Verifikasyon Konstriksyon Ekolojik la nan limit ki aplikab pou travay reparasyon yo fè ak sa ki pratik Sa gen ladan itilize pwodwi ki ka reziste ak mwezi lè yo ranplase sifas tankou mi sèk. Lè pwodwi ki ansyen oswa ki pa egziste yo ank ranplase nan travay reparasyon yo, reparasyon an oblije itiliz pwodwi ak ekipman ki gen etièt ENERGY STAR, WaterSense, oswa sa Pwogram Jesyon Enèji Federal (Federal Energy Management Program, FEMP) chwazi yo, oswa sa ki parèy yo, lè li posib.

Inite Lojman yo ede ak finansman CDBG-DR yo dwe satisfè tout kòd lokal ak eta, nòm reparasyon, òdonans zonaj lè yo fini ak pwojè a. Y ap bezwen korije tout pwoblèm yo idantifye anvan yo bay peman final la.

1.12 Nòm Aksèsibilite yo

Pwopriyete yo lwe oswa pral lwe bay lokatè ki andikape fizik oswa lokatè ki gen yon manm nan fwaye a ki andikape ka gen dwa pou konsiderasyon konstriksyon anplis tankou douch woule, kontwa bese, lavabo pedestal, ba twalèt pou kenbe, twotwa pòt ki elaji oswa lòt karakteristik aksè ki pral ede moun an fonksyone. Pwogram lan pral evalye kalifikasyon pou karakteristik sa yo ka pa ka.

1.13 Limit pou Alokasyon ak Èd pou Lojman

Y ap mete yon total \$346,186,147 sou kote pou HRRP. Alokasyon sa a ka ogmante oswa diminye selon demann pou pwogram lan ak amannman nan Plan Daksyon an, ansanm ak apwobasyon HUD tou. Èd pou chak pwopriyete limite a \$150,000.00, mwens nenpòt Doub Avantaj. Tout depans konstriksyon, mezi rediksyon, depans elevasyon, amelyorasyon sit, ak kondisyon nòm konstriksyon (poubèl, twalèt sou sitl a, varyans) yo nan limit la. Yo pral konsidere eksepsyon yo ka pa ka. Pwopriyete pou lwe ki gen senk (5) oswa plis inite ap gen yon lòt analiz pou wè si li posib pou fè reparasyon pou detèmine si pri pwojè a rezonab.

Pwojè yo gendwa pa fini nèt pou plizyè rezon, tankou men se pa sa sèlman, pwopriyete a soti nan pwogram nan oswa li refize avantaj la. Si yo ta è yon evalyasyon anviwònmanal ak yon tès danje pou yon pwopriyete, men pita yo pa reyalize konstriksyon an, pri sa yo (ansanm ak nenpòt depans ki fèt) ap rete nan pri livrezon pwojè a.

1.14 Analiz Posibilite pou fè Reparasyon

Kòm yon benefisyè finansman federal, DEO responsab pou ak asire depans yo nan aktivite li yo rezonab ak nesesè. Se poutèt sa, yo pral evalye chak pwopriyete ki nan HRRP pou wè posibilite pou repare li. Bidjè preliminè a, ki rele Estimasyon Travay ki pou Fèt (Scope of Work Estimate, SWE), pral prepare pou endike pri potansyèl pou demolisyon, elevasyon, ak reparasyon oswa ranplasman, jan sa apwopriye. SWE a ap gen ladan depans pou tout lòt egzijans pou rediksyon ak aksèsibilite⁷.

Pwopriyete ki gen estimasyon pou pri reparasyon ak / oswa elevasyon ki satisfè oswa depase 75% nan yon rekonstriksyon konparab oswa kay ranplasman jan yo detèmine nan pwosedi ak regleman operasyon estanda a ap bay aplikan an opsyon pou chwazi yon kay rekonstwi oswa ranplasman. Pwopriyete ki gen estimasyon pou pri reparasyon ak / oswa elevasyon ki satisfè oswa depase 75% nan yon rekonstriksyon konparab oswa kay ranplasman pral limite a rekonstriksyon oswa ranplasman kòm yon opsyon ki pi rezonab. Sityasyon kote ranplasman, rekonstriksyon ak / oswa elevasyon pral nesesè ap gen ladan:

- Kay ki te deja demoli ka ranplase oswa rekonstwi.
- Kay jiridiksyon lokal la kondane (make wouj) ka ranplase oswa rekonstwi.

- Kay ki danjere oswa yo te twouve nan enspeksyon anlwaye pwogram nan kondisyon yo fè andedan kay la danjere oswa enposib pou ranplase oswa rekonstwi.
- Jan sa endike nan Plan Daksyon an, reparasyon nan yon Inite Lojman mobil / Prefabrike (MHU) ki gen plis pase 5 ane ak / oswa ki gen plis pase \$15,000 pou reparasyon Siklòn Irma pa posib epi ranplasman garanti.
- Si yon jiridiksyon lokal te bay yon detèminasyon ki te te gen gwo dega pou yon kay ki andedan zòn inondab 100 lane a, kay la ap rekonstwi e li elve.
- Si yon jiridiksyon lokal te bay yon detèminasyon ki te te gen bezwen pou gwo amelyorasyon pou yon kay ki andedan zòn inondab 100 lane a, kay la dwa elve.
- Kay dal sou sòl ki bezwen elevasyon yo pral rekonstwi ak elve. Reparasyon pa pral yon opsyon.
- Inite kay mobil ki pral bezwen elevasyon anplis wotè enstalasyon nòm nan pral ranplase ak yon inite lojman modilè ki wo selon nòm pwogram yo.

1.15 Reyaktivite Aplikan an

Pandan pwosesis aplikasyon an, yon aplikan oblije reponn nan yon tan apwopriye lè pwogram nan mande enfòmasyon / dokiman pou fini ak pwosesis kalifikasyon an. Yo pa dwe janm pase plis pase 30 jou travay yo pa reponn yon demann pou plis enfòmasyon. Si aplikan an bezwen yon ekstansyon, yon klarifikasyon, oswa èd, yo ka mande èd nan 30 jou yo. Si aplikan an pa bay enfòmasyon / materyèl yo mande a oswa li pa mande pou yon ekstansyon oswa èd, yo pral mete aplikasyon an annatant jiskaske yo bay enfòmasyon an.

Si yon moun ki aplike pa reyaji menm, yo pral fèmen dosye aplikasyon an. "Pa reyaji" vle di li pa reponn oswa rele bak apre yo rele li plizyè fwa, epi li pa reponn demann alekri nan delè pwogram nan. Yo ka konteste yon aplikasyon yo fèmen paske moun nan pa te reyaji yon (1) sèl fwa. Si yo reyaktive yon aplikasyon apre yon kontestasyon, yo pa p ka konteste si yo fèmen li ankò paske aplikan an pa te reyaji. Yon eksepsyon pou sa ki mansyone anwo a se lanmò oswa malad yon aplikan epi yo ka detèmine li ka pa ka.

1.16 Responsabilite Aplikan an

Aplikan ki resevwa èd nan men HRRP yo genyen responsabilite sa yo:

- HRRP pa p responsab pou byen aplikan yo ki pèdi oswa ki sibi domaj pandan konstriksyon an. Aplikan an dwe sekirize oswa mete mete tou bagay pèsònèl li yo yon lòt kote jiskaske konstriksyon an fini.
- Aplikan an dwe fè aranjman pou jwenn aksè nan pwopriyete a pou konpayi konstriksyon k ap bay sèvis konstriksyon yo. Si yo refize bay Konpayi Konstriksyon Bilding lan aksè yon fason ki rezonab epi a tan pou li ka fè reparasyon ki nesèsè yo, yo ka anile sibvansyon an.
- Pandan konstriksyon an, aplikan an pa dwe rantre kote y ap fè reparasyon yo epi li dwe fè yon efò rezonab pou l rete lwen kote y ap fè konstriksyon an.
- Apre yo fini, pwopriyete a dwe satisfè Nòm Kalite Lojman yo (oswa nòm ki genyen yo), egzijans kòb konstriksyon lokal Florida, ak benefisyè moun revni ba a mwayèn k ap touche 80% oswa mwens AMI a jan HUD defini ak jan li detaye nan Lwa Devlopman Lojman ak Kominote 1974 (HCDA) Tit I, 105(a).
- Pri pou lwaye inite fwaye revni ba a mwayèn yo dwe bon mache. Inite ki gen fwaye revni ba a mwayèn yo dwe konfòme, ominimòm, ak limit sou pri lwaye HOME wo HUD te pibliye nan

pwogram Patenarya Envestisman Kay la la ak peryòd aksèsibilite a. Konfòmite avèk limit lwaye yo kalkile nan menm fason ak pwogram HUD yo.

- Yo dwe itilize pwopriyete a pou lojman pou tout ane a ane epi yo pa dwe itilize kòm yon dezyèm kay oswa pou pwopriyete pou lwe pandan yon sezon.
- Pwopriyete pou lwe ki vid nan moman aplikasyon an dwe lwa bay fwaye revni ba/mwayèn nan 60 jou oswa mwens apre pwojè a fini.
- Lokatè a dakò pou founi pwogram nan tout enfòmasyon sou revni lokatè yo pou revizyon ak apwobasyon anvan ekzekisyon kontra a ak/ou dat demenajman. Pwopriyetè yo ap mande ak apwouve pwòp baz lokatè yo epi DEO p ap fè okenn jijman sou ki lokatè ki apwopriye apa revni yo pou satisfè egzijans pwogram nan.
- Yo dwe kenbe pwopriyete a kòm yon pwopriyete pou revni ba a mwayèn apre pwojè a fini pou yon peryòd de 5 ane si li gen 7 inite oswa mwens ak 15 ane si 8 inite oswa plis.
- Pwopriyetè yo dwe kenbe pwoteksyon asirans (pa mwens pase kantite lajan kontra), enklizif nan aksidan (danje) ak asirans inondasyon (si sa aplikab). Lwa federal egzije pou moun k ap viv oswa posede pwopriyete rezidansyèl nan yon plèn inondasyon pou pote asirans inondasyon sou pwopriyete sa a nèt. Yon akò sibvansyon, restriksyon papye tè, kontra, oswa lò mwayen aplikasyon ap bezwen an plas sou pwopriyete a pou egzije gen asirans inondasyon sou pwopriyete a nèt.
 - a. Si w pa kenbe asirans inondasyon, lè sa nesèsè, sa pral lakòz aplikan an ak pwopriyete a pa kalifye pou sekou katastwòf federal alavni. Si ou pa kenbe asirans danje yo ka entèdi ou jwenn èd pi devan.
 - b. HRRP ap peye pou yon (1) ane asirans inondasyon. Pwopriyetè a responsab pou jwenn, peye ak kenbe tout prim asirans inondasyon apre premye ane a.
 - c. Si li nan yon zòn inondab 100 lane, aplikan ap oblije gen yon asirans pou inondasyon pou lavi epi di moun ki pwopriyetè kay la pi devan egzijans pou gen asirans.
- Pwopriyete yo dwe toujou ajou ak taks sou pwopriyete yo.
- Pwopriyetè yo dwe satisfè tout kondisyon yo te dakò nan dokiman legal pwogram nan egzije yo.

Yo dwe retire tout debri, machin yo abandone ak bilding ki poze yon menas pou sekirite ak/oswa sante nan pwopriyete a anvan yo kòmanse konstriksyon an jan jiridiksyon lokal la oswa moun ki konpetan pou pran desizyon sa deside l, anvan kòmansman konstriksyon an. Pwopriyetè a pral retire tout pwopriyete pèsònèl. Pwopriyetè a gen 30 jou ki vini apre dat kontra a siyen pou retire tout debri sa yo ak pwopriyete pa li nan sit konstriksyon an. Si yo pa retire pwopriyete sa yo, sa ka lakòz nan yon rediksyon nan kantite lajan avantaj manm nan pou pwogram nan retire yo epi rediksyon sa a ka lakòz yon nouvo detèminasyon posiblite pou fè reparasyon ki di reparasyon an pa posib ankò, y ap detèmine aplikan an pa kalifye epi y ap fèmen dosye aplikasyon an.

1.17 Plent/Kontestasyon/Konfli Denterè

Aplikan ak lokatè yo ap gen yon pwosesis pou pote plent ak konteste. Plent yo kapab konsènan tout pwoblèm ki gen po wè ak pwosedi yo te swiv ak sèvis yo te bay nan HRRP. Kontestasyon yo kapab sèlman konsènan yon desizyon ki kont aplikan an konsènan kalifikasyon li, yon aplikasyon yo fèmen, yon èd pou demenajman yo refize bay yon lokatè epi sèlman nan limit yo etabli nan pwosedi pou Kontestasyon an. Pa gen moun ki gen dwa konteste règleman pwogram nan.

Yon pwosesis kontestasyon aplikan oswa lokatè a demare pral gen yon pwosedi doleyans enfòmèl ak fòmèl, alekri, ki ka gen odyans enfòmèl, evalyasyon moun endepandan, oswa evalyasyon administratif. HRRP ap bay yon desizyon konsènan evalyasyon eksepsyon ak kontestasyon fòmèl yo. Nou pral eksplike kontestasyon, doleyans, ak eksepsyon yo plis nan Pwosedi Plent, Kontestasyon, ak Eksepsyon yo. Gade nan Anèks B Pwosesis Rekonsiderasyon/Kontestasyon/Plent

Plent Konsènan Lojman Ekitab

Nou pral voye moun ki di yo te vyole yon lwa lojman ekitab bay kontak lokal DEO a epi di yo pwosesis pou depoze yon plent. DEO ap kenbe yon rejis ak dosye tout kesyon, akizasyon, plent, ak referans ki gen pou wè ak lojman ekitab. Anplis, DEO pral mete HUD okouran moun yo sispèk pa te konfòme. Kontak pou Plent Konsènan Lojman Ekitab la se:

FairHousing@deo.myflorida.com

(850) 717-8426

Konfli Denterè

Yo entèdi ofisyèl ak anplwaye Eta a , anplwaye DEO yo, ak konsiltan ki egzèse fonksyon ki gen rapò ak aktivite CDBG-DR oswa ki nan yon pozisyon pou patisipe nan yon pwosesis pou pran desizyon oswa pou jwenn enfòmasyon entèn konsènan aktivite sa yo, pou resevwa nenpòt avantaj ki soti nan aktivite a swa pou tèt yo oswa pou moun ki gen lyen famiyal oswa komèsyal ka yo, pandan yo nan pozisyon an.

Pou objektif seksyon sa a, definisyon "fanmi" genyen ladan paran (tankou manman oswa papa moun ou marye ak li), granparan, frè ak sè (ki gen ladan frè oswa sè moun ou marye ak li) ak timoun yon ofisyèl ki kouvri anba règleman konfli dendetre CDBG nan 24 CFR Seksyon 570.489 (h).

Yo ka aksepte yon eksepsyon nan konfli denterè a i yo ta detèmine DEO te abòde tout enkyetid konfli enterè a yon fason adekwa ak piblikman epi yon eksepsyon t ap vanse objektif Tit I nan Lwa Devlopman Lojman ak Kominote 1974 la ak pou jere pwogram nan byen.. Pèsonn moun pral antre nan yon konfli denterè toutotan yo poko akòde yon eksepsyon.

1.18 Règleman Kont Fwod ak pou Konfòmite

HUD egzije règleman pou anpeche fwod, gaspiyaj ak abi. DEO te etabli pwosedi pou verifye presizyon enfòmasyon aplikan yo, vandè yo, ak benefisyè yo bay. HRRP nan Rebat Florida a pral mennen ankèt sou tout akizasyon konsènan kalifikasyon ak distribisyon fon oswa nenpòt lòt akizasyon fwod oswa non konfòmite. Kote li apwopriye, pwogram nan pral ede ajans Federal, Eta, ak Lokal yo.

1.19 Fichye, Dosye, ak Rapò

DEO ap kenbe bonjan fichye ak dosye sou chak grenn aplikan epi yo pral kenbe tou dokiman ki enpòtan pou sibvansyon ant HUD ak DEO yo. Yo pral rete konfòm selon egzijans pou bay rapò ki detaye nan règleman ak pwosedi siplemantè yo. Sa a gen ladan tout enfòmasyon ak rapò jan sa nesesè dapre kontra a DEO ak HUD ak done demografik ak lòt enfòmasyon sou aplikan ak lokatè ak moun ki jwenn sibvansyon yo.

Y ap konsève tou dosye ofisyèl sou pwogram nan ak aktivite endividyèl yo pou yon peryòd 5 ane, apre dat yo fèmen sibvansyon an.

1.20 Kondisyon pou Akizasyon

DEO pral respekte pwosesis Akizasyon kòd Gouvènman Federal ak Eta te mete jan yo gen pou wè ak pwogram nan. Pwosesis akizasyon gen ladan desizyon pou achte ak desizyon pou finalize acha a tou. Gouvènman federal la etabli yon seri règleman akizasyon nan 2 CFR Pati 200.317-326 ki aplike pou pwojè CDBG finance. Règleman sa yo an plas pou asire yo pa gaspiye lajan federal epi yo ankouraje

konpetisyon ouvè pou pi bon nivo sèvis ak pri. Si gen yon konfli ant règleman akizisyon Federal ak lokal yo, y ap swiv règleman ki pi sevè a.

Part 2 Kritè pou Kalifikasyon

Kritè ki apre yo se kritè fondamantal yon aplikan dwe respekte pou l ka kalifye pou èd. Kalifikasyon pa garanti w ap jwenn èd, pyiske y ap ekzije yon estrateji priyorizasyon (ki gen rapò avèk kritè pwogram yo) epi yo espere ap genyen plis aplikan pase sa yo ka sèvi yo avèk fon ki disponib yo. Kritè fondamantal sa yo se kritè k ap swa pèmèt yon aplikan kontinye avanse nan pwogram nan oubyen oswa li rive jwenn diskalifikasyon. Pi ba a gen plis detay sou kritè fondamantal pou HRRP Rebatè Florid (Rebuild Florida HRRP) se:

- 1) Dega siklòn Septanm 2017 la ki gen dega ki rete san reparasyon;
- 2) Lokal pwopriyete ki andomaje anndan HUD oubyen idantifye zòn ki Pi Frape ak Soufri yo (Most Impacted and Distressed, MID) oubyen yon kote prezidan an deklare ki se yon zòn dezast akòz Siklòn Irma;
- 3) Prèy aplikan an se pwopriyete kay la epi li peye atan prè imobilye pou kay la;
- 4) Ou itilize pwopriyete ki andomaje a tankou yon pwopriyete ki nan lweyay alontèm men se pa tankou yon dezyèm kay oubyen yon kay ki nan lweyay pa sezon. Kòm altènatif, y ap konvèti pwopriyete a fè l tounen yon yon pwopriyete lweyaj alontèm;
- 5) Taks pwopriyete a ajou;
- 6) Revni lokatè aktyèl yo oubyen pwochen lokatè yo se ou pral LMI.

2.1 Dega Siklòn Irma

Kay la te dwe andomaje oubyen gen andomajman akòz Siklòn Irma ki te pase nan mwa Septanm 2017 la epi li te dwe gen andomajman ki poko repare nan dat aplikasyon an. HRRP ap fè enspeksyon pou verifye si kay la te andomaje gras avèk yon pwosesis verifikasyon dega. Yo ka abòde domaj ki gen nan kay se pa Irma ki te lakoz yo, sèlman nan pwopriyete ki gen domaj ki gen rapò avèk Irma.

Opsyon Prèy Dega:

- 1) Lèt rekonpans FEMA, SBA oubyen Asirans reprezante prèy defakto Irma te andomaje kay la.
- 2) Nan ka dokiman ki mansyone pi wo a pa disponib, n ap asepte yon rapò enspeksyon (ki gen foto dega a ak yon evalyasyon ekri sou dega yo) ki soti nan yon evalyasyon dega HRRP a ki sètifye se siklòn nan ki lakoz dega a te redije.
- 3) Nan ka kote lèt rekonpans FEMA, SBA ou Asirans lan pa disponib, epi rapò enspeksyon an pa ka konkli kisa ki lakoz andomajman an, HRRP a ka itilize lòt evidans altènatif, tankou rapò medyatik ki kouvri zòn nan oubyen dokiman konsènan dega òganizasyon repons/soulajman kont dezast selon chak ka endividyèlman.

2.2 Lokal

Pwopriyete andomaje a dwe lokalize l nan zòn HUD a oubyen Eta a deklare kòm zòn MID: Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Lucie, Volusia counties; kòd postal (zip codes) 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, 34266. Pou Inite Lojman Mobil/Fabrike yo (Mobile/Manufactured Housing Units, MHUs), yo lokalize MHU andomaje a nan youn nan lokalite sa yo pandan pasaj siklòn nan. Kòm altènatif, pwopriyete a dwe lokalize l nan yon zòn yo pa deziyen kòm MDI ki resevwa yon deklarasyon dezast prezidansyèl pou fè fas avèk Siklòn Irma.

2.3 Posesyon

Aplikasyon an dwe posede pwopriyete andomaje a pou l ka kalifye pou pwogram nan. Aplikasyon ki dwe oubyen ki nan fòklizon/fòklojè (foreclosure) sou pwopriyete yo an fème a pa dwe kontinye.

Aplikasyon ki gen dwa retansyon sou kay yo ki poko fin peye (liens) ak jijman aktif, dwe akite dwa retansyon (liens) ak jijman sa yo pou l ka patisipe nan pwogram nan. Aplikasyon an ap gen 6 mwa koumanse apati dat aplikasyon an pou l akite dwa retansyon (liens) ak jijman sa yo

N ap verifye si w posede kay la nan dokiman enpo yo (tax records), rechèch tit oubyen 'ak garanti' (warranty deed) aplikasyon an founi nou an. Pwogram nan ka konsidere lòt dokimantasyon kòm prèv selon chak ka endividyèlman.

2.4 Itilizasyon Pwopriyete

Aplikasyon an dwe pwouve l ap itilize pwopriyete a tankou yon pwopriyete ki nan lweyaj epi l ap kontinye itilize l nan lweyaj alontèm, pa pou vakans oubyen nan objektif pou lwe l pa sezon. Kòm altènatif, aplikasyon an dwe sètifye l ap itilize pwopriyete a pou lweyaj alontèm kou li fin repara, ranplase oubyen rekonstwi. Y ap ekzije yon akò sibvansyon (grant agreement), restriksyon ak (deed restriction), angajman oubyen mwayen aplikasyon ki menm jan an epi y ap plase yo sou pwopriyete a paske yon aplikasyon ap resevwa èd nan men HRRP. HRRP ap sipèvizite piblisite pou kay k ap an fème a pou l asire l respekte nòm Lojman Ekitab (Fair Housing) yo. Y ap evalye pèman lwaye yo chak ane pandan dire peryòd abòdabilite ki aplikab la, aprè restriksyon an te fin ekzekite, pou verifye yo te lwe pwopriyete a avèk moun/fwaye LMI yo epi pri lwaye a respekte ekzijans pwogram nan.

2.5 Enpo Fonsye (Property Taxes)

Tout aplikasyon dwe peye tout enpo fonsye yo. HRRP ap mande aplikasyon an pou l founi dokiman ki soti nan Biwo Evalyatè Fiskal (Tax Assessor's Office) lokal la oubyen li ka pran enfòmasyon sa elektronikman nan Biwo Evalyatè Fiskal lokal la.

2.6 Kalite Pwopriyete

Kay ki pou yon fanmi oswa ki pou plizyè fanmi yo kapab kalifye.

2.7 Aplikasyon ki ka kalifye

Kalite posesyon ki site aprè yo ka kalifye pou jwenn èd nan kad pwogram sa:

- Pwopriyete ki pèdi posesyon kay yo akòz fòklizon/fòklojè pa kalifye pou jwenn èd.
- Moun oubyen pwopriyete yo jwenn ki pa respekte règleman FEMA yo oubyen ki pa konfòm avèk ekzijans Ak Nasyonal Refòm Asirans pou Inondasyon am pa kalifye pou jwenn èd. Pa konfòm nan kontèks sa vle di yon pwopriyete kote pwopriyete pa t pran asirans pou inondasyon aprè l te fin resevwa fon federal pou yon dezast ki te pase anvan sa.

2.8 Sètifikasyon Egzijans pou Resevwa Èd

Tout aplikasyon dwe asepte avèk bagay ki aprè yo pou yo ka resevwa èd:

- Siyen yon kitans (a release) pou yo ka pataje enfòmasyon aplikasyon an bay la ansanm avèk ajans Eta a ak federal yo ak kèk lòt enstans pou verifye enfòmasyon yo bay pwogram nan. Ni aplikasyon an ni ko-aplikasyon an dwe siyen kitans lan (sèlman si youn nan pwopriyete ki kalifye yo te siyen yon prokirasyon (power of attorney) bay lòt moun nan pou reprezante l, kidonk pwopriyete kalifye la p ap bezwen siyen kitans).

- Dakò pou fè verifikasyon estati pwopriyete a, kantite dega ki gen rapò avèk dezaz la ki genyen nan kay la epi èd tout sous anvan sa te resevwa.
- Dakò pou founi pwogram nan tout enfòmasyon sou revni lokatè yo pou revizyon ak apwobasyon anvan ekzekisyon kontra a ak/ou dat demenajman.
- Dakò pou kanpe tout aktivite konstriksyon pandan peryòd aplikasyon an.
- Genyen asirans dega/domaj.
- Genyen asirans inondasyon sou kay la nèt si l lokalize nan plèn inondasyon 100 ane a.
- Sèmante tout enfòmasyon ou founi pwogram nan kòrèk ak konplè anba sanksyon lalwa.
- Rekonèt yo ka rekipere nenpòt pèman avantaj anplis.
- Tout aplikan dwe dakò pou siyen yon kantite dokiman pou resevwa èd. Nou eksplike dokiman sa yo an detay nan kèk seksyon pi ba epi nan dokiman legal ki ekzekite lè w ap siyen oubyen nan kloti (closing) kontra a. Sa yo gen ladan yo dokiman revize ki nesèsè pou rekonèt chanjman ki fèt aprè kloti a.
- Yo dwe limite tout inite pou lwe ki jwenn èd HRRP yo pandan peryòd aksèsibilite pou moun revni ba a mwayèn (low to moderate income, LMI). Pri lwaye yo, ominimòm, dwe konfòme ak Pri Lwaye Gwo Patenarya Envestisman Kay la (High HOME Investment Partnership, HOME). Pri lwaye yo pa dwe depase 30% revni chak mwa pou yon fanmi ki touche 80% oswa mwens nan Revni Medyan pa Zòn (Area Median Income, AMI).

Part 3 Doub Avantaj

3.1 Apèsi

Aplikasyon ki kalifye yo kapab te deja resevwa èd nan lòt sous pou reparasyon pwopriyete tanpèt ki te domaje yo. Daprè egzijans nan *Lwa Robert T. Stafford Konsènan Èd Apre Katastwòf ak Sekou pou Ijans la* (42 U.S.C. 5121, et seq.), jan yo entèprete li ak aplike nan HUD, HRRP dwe konsidere sèten èd pwopriyete yo te resevwa pou detèmine kantite èd yo kapab resevwa. HRRP ap swiv Rekòmandasyon HUD konsènan Doub Avantaj yo Sa ki anba la yo se sous èd finansman yo bay pou domaj ak pèt estriktirèl yo konsidere kòm Doub Avantaj (Duplication of Benefits, DOB) ak anba lwa federal **dwe** dedwi nan èd yo retire sou HRRP Rebati Florida.

- Èd Endividyèl FEMA pou Estrikti (Assistance for Structure, IA);
- Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon an (National Flood Insurance Program, NFIP)
- Asirans Prive;
- Depans Ogmante pou Konfòmite (Increased Cost of Compliance , ICC);
- Small Business Administration (Administrasyon Ti Biznis, SBA)*; ak,
- Nenpòt sous finansman ki disponib pou aplikasyon an pou menm objektif la kòm sibvansyon CDBG-DR ki ka double èd yo resevwa.

Finansman yo resevwa nan nenpòt sous ki gen ladan asirans inondasyon, FEMA ak asirans danje yo te itilize pou kouvri reparasyon nan pwopriyete a ap diminye kantite èd pou katastwòf si prèv depans pou repare pwopriyete a omwen egal kantite èd yo bay nan sous la. Yo dwe bay dokiman ki pwouve depans ak kalite reparasyon ki fèt.

Yo dwe remèt nenpòt lòt lajan yo bay aplikasyon an poumenm rezon ak sibvansyon èd lojman HRRP apre Eta a fin fè reparasyon, reyabilitasyon, oswa ranplasman inite lojman aplikasyon an bay DEO.

* Enklizyon SBA nan DOB ka revize pi devan.

3.2 Sibvansyon FEMA pou Leve Kanpe Apre yon Katastwòf

Yo pral detèmine ak verifiye sibvansyon pou leve kanpe apre yon katastwòf FEMA nan HRRP atravè baz done FEMA. Si HRRP pa kapab verifiye montan sibvansyon FEMA a atravè baz done FEMA a, HRRP pral itilize kantite lajan aplikasyon an bay nan moman aplikasyon an.

Si yon aplikasyon ka bay dokiman ki montre kantite lajan sibvansyon FEMA bay nan baz done FEMA a gen ladan montan ki pa estriktirèl ki gen rapò, HRRP pral itilize dokiman ki aplike pou ajiste kantite lajan peman federal FEMA a. Dokiman yo bay aplikasyon an dwe soti nan FEMA epi li pral nan dosye aplikasyon an.

3.3 Asirans Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon an (National Flood Insurance Program, NFIP)

Nenpòt peman pou pèt kay la pandan Siklòn Irma anba règleman NFIP asirans yo ka dedwi nan kantite lajan aplikasyon an kalifye pou resevwa. Peman pou kontini oswa lòt depans yo pa dedwi nan prim lan, tankou sa ki pa doub peman pou pèt estriktirèl. HRRP pral verifiye peman yo lè yo revize enfòmasyon reklamasyon FEMA yo oswa lè yo bay yon demann pou verifikasyon bay FEMA. Si yon aplikasyon ka bay dokiman ki montre montan benefis nan baz done FEMA a gen ladan atik ki pa gen rapò ak pèt estriktirèl la, HRRP pral itilize dokiman ki aplike pou ajiste asirans lan nan kalkil DOB a. Dokiman yo bay aplikasyon an dwe soti nan konpayi asirans lan epi li pral nan dosye aplikasyon an.

3.4 Depans Ogmante pou Konfòmite (Increased Cost of Compliance , ICC):

Estrikti yon inondasyon andomaje ka nesèsè pou reponn a sèten nòn konstriksyon pou redui ris yon inondasyon nan avni avan yo kapab rekonstwi oubyen repare edifis la. Pou ede yo kouvri frè sa yo, Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon an (NFIP) ajoute yon kouvèti Ogmantasyon Kou Frè Konfòmite pou tout Kontra asirans kont inondasyon Kouran yo ki nouvo oswa ki renouvle. ICC se yon doub avantaj si mèt yon batiman mande pou yo ranbouse l oswa mande èd siplemantè pou yo fè batiman l lan vin pi wo, demoli l, prepare l kont inondasyon—youn nan opsyon sa yo disponib nan ICC— e deja benefisye yon avantaj ICC nan NFIP. Pwogram lan pral detèmine DOB konsènan fon ICC pou aktivite elevasyon ak / oswa demolisyon. Si HRRP pa kapab detèmine montan / oswa objektif revni ICC yo lè l sèvi avèk dokiman aplikan an bay la, y ap konsidere dokiman sa yo ka pa.

3.5 Asirans Prive:

Yo konsidere tout montan regleman pou asirans prive yon doub avantaj epi yo ka redwi montan èd pou katastwòf la. Peman asirans prive pou konti oswa lòt depans tankou kloti, depo, elatriye, pa dedwi nan sibvansyon aplikan an.

Pou detèmine ak verifye benefis asirans yo, HRRP pral kontakte konpayi asirans la ak verifye benefis yo. Si HRRP pa kapab verifye montan benefis asirans prive a atravè baz done asirans la, HRRP pral itilize kantite lajan aplikan an bay. Si yon aplikan ka bay dokiman ki montre montan asirans montan asirans konpayi an gen ladan atik ki pa kouvri nan evalyasyon kay la oswa ki pa peye pou kouvri pèt estriktirèl, HRRP pral itilize dokiman ki aplike pou aplikan an pou ajiste asirans prive asirans lan nan DOB kalkil.

Reparasyon mwazi fè pati evalyasyon kay la pou pèt estriktirèl pandan pwosedi ajisteman reklamasyon asirans yo. Se poutèt sa, peman asirans yo kouvri reparasyon mwazi yo pa dedwi nan sibvansyon èd yon aplikan an. Dokiman yo bay aplikan an dwe soti nan konpayi asirans lan epi li pral nan dosye aplikan an oswa yon fòm lò nan yon pwosè administratif oswa tribinal jiridiksyon konpetan.

3.6 Small Business Administration (Administrasyon Ti Biznis , SBA)

Si SBA a apwouve fon prè yo, y ap konsidere èd la kòm yon DOB, epi y ap retire montan prè a sou sibvansyon èd pou katastwòf la. Menmsi aplikan an refize yon prè SBA, y ap retire montan prè a sou sibvansyon aplian an. Sa a se paske èd SBA yo te detèmine pou yo disponib pou aplikan an pou bi reyabilitasyon pa lwa federal. Nan kèk sikonstans, rejè prè SBA a ka rezilta yon difikilte. HRRP pral konsidere refi prè SBA yo sèlman pou difikilte epi se ka pa ka. Si HRRP detèmine yon prè ta kreye yon difikilte, kantite lajan prè SBA yo pral eskli nan Diplikasyon nan Benefis kalkil epi yo pa pral lakòz nan yon pri redwi.

HRRP pral verifye montan HRRP yo nan bazdone SBA a. Si HRRP pa kapab verifye kantite lajan prè a SBA ki kalifye nan baz done SBA a, HRRP pral itilize kantite lajan prè a ki kalifye ke aplikan an nan moman aplikasyon an. Si yon aplikan kapab bay dokiman ki demontre ke kantite lajan SBA bay nan baz done SBA a gen ladan kantite lajan pou yon lòt rezon ki pa reparasyon nan kay la, HRRP pral itilize dokiman pwopriyetè kay la bay pou ajiste kantite lajan prè SBA nan kalkil DOB la. Dokiman yo bay pwopriyetè kay la dwe soti nan SBA epi li pral enkli nan dosye pwopriyetè kay la.

3.7 Depans pou Reparasyon ki Otorize

Aplikan yo ka itilize avantaj yo resevwa nan asirans, SBA ak FEMA oswa lòt sous pou fè reparasyon nan pwopriyete Siklòn Irma te domaje yo. HRRP ka anmezi pou rertire kantite depans yo nan evalyasyon DOB yo. Moun k ap aplike a pral oblije dokimante reparasyon ki fèt nan kay la avèk resi ak foto yo. Kopi tout resi ki sipòte reparasyon nan kay la dwe bay pwogram lan pou dokimante depans ki kalifye yo. HRRP ap aksepte oto-sètifikasyon lè yo kalkile kantite reparasyon si aplikan an manke resi pou

dokimante tout oswa yon pati nan depans pou reparasyon yo. Pou w ka sètifye tèt ou, ap gen egzijans sa yo:

- 1) Aplikan an dwe bay yon deklarasyon endepandan pou sètifye dokiman, an detay, tout travay ak reparasyon yo te fè nan pwopriyete ki domaje apre siklòn lan;
- 2) Yon enspektè pwogram lan dwe detèmine ak asirans rezonab reparasyon yo te fèt apre dat siklòn lan; epi,
- 3) Dokimantasyon, nan foto, ki montre reparasyon yo te fèt.

3.8 Fwod ak Konpayi Konstriksyon yo

Si yon aplikan te yon viktim nan fwod ak yon konpayi konstriksyon, kantite lajan yo peye konpayi konstriksyon an pa dwe konte kòm yon doub avantaj yo bay aplikan depi li te depoze yon rapò lapolis e li te fè tout efò rezonab pou rekipere lajan yo anvan dat aplikasyon an.

3.9 Peman Ipotèk Fòse

Si konpayi ipotèk aplikan an mete yon peman ipotèk fòse sou montan asirans yo, montan asirans lan ka pa konte kòm yon DOB. Nan ka sa yo, kantite lajan verifye pa HRRP ki te itilize pou objektif sa a ka eskli nan kalkil DOB la si li sipòte pa dokiman sipò ki apwopriye. Dokiman sa yo ta dwe nan fòm yon lèt ki sou papye ipotèk konpayi e ki te siyen pa yon reprezantan konpayi ipotèk ki deklare aplikan an te oblije itilize lajan èd pou katastwòf yo pou ipotèk peye. HRRP ap eseye verifye enfòmasyon sa yo avèk konpayi ipotèk aplikan an. Detèminasyon si yo te bay dokiman ap ase pou retire kalkil DOB pa HRRP. Peman ipotèk volontè, ak benefis asirans yo, se yon DOB ki pral konte nan kalkil sibvansyon aplikan an.

3.10 Frè Legal

Y ap bay kredi pou frè legal yo te peye lè pou jwenn benefis asirans bay aplikan an epi yo p ap retire li kòm DOB. Aplikan yo ap bezwen bay prèv peman ak yon dokiman jijman oswa règleman ki montre siksè aplikan an nan aksyon legal la. Tout lòt frè legal yon aplikan te peye soti nan nenpòt èd pou èd pou katastwòf ap dedwi kòm yon pati nan DOB yo.

3.11 Deklarasyon Taks

Deklarasyon aks ki gen pou wè ak pèt kay la pa afekte sibvansyon èd fifnan epi yo pa konsidere yo kòm DOB. Aplikan yo dwe konsilte konsiltan taks pèsònèl yo pou yo chèche konsèy konsènan nenpòt zafè taks ki gen pou wè ak sa.

3.12 Kalkile Montan Balans DOB an

Depans dokiman pou reparasyon kay ki kalifye pou Siklòn Irma pral totalize epi konsidere pou kredi aplikan an. Fòm dokiman ki akseptab se:

- Kopi tout resi ki sipòte reparasyon nan kay;
- Deklarasyon ou fè pou sètifye depans ak travay pou reparasyon nan kay la;
- Rapò polis ak tout lòt dokiman pou eseye rekipere fon, ou te depoze anvan aplikasyon an, ki verifye fwod konpayi konstriksyon yo.
- Frakti ki konfime frè legal ki asosye avèk koleksyon asirans byen; ak
- Lèt ki soti nan konpayi ipotèk aplikan an oswa labank ki konfime yon peman ipotèk fòse oswa depo.

Nan ka kote resi reparasyon kay yo pa konplètman kontribye pou lajan ou te resevwa yo, HRRP pral evalye reparasyon ki dokimante nan Sètifikasyon Reparasyon ou fè ou menm nan epi detèmine valè

reparasyon pou tanpèt ki fèt. Deklarasyon aplikan yo fè pou sètifye yo dwe egzaminen an detay nan HRRP pou detèmine:

- Si kay la repare pou konfòme ak kòd konstriksyon yo;
- Si yo te detèmine reparasyon yo te vrèman rive apre siklòn nan; epi
- Yon valè rezonab nan depans pou reparasyon nan kay la (ki gen ladan travay posib).

Dokiman aplikan an te bay ak valè HRRP te bay, jan sa nesèsè, pral totalize ak konpare ak avantaj yo te resevwa pou reparasyon kay Siklòn Irma yo. Si benefis total ou resevwa a depase kantite lajan dokiman reparasyon nan kay la oswa depans pou rekonstriksyon an, lè sa a, yo ka dedwi nan pri pwogram aplikan an.

Aplikan ki gen defisi nan finansman yo dwe finanse defisi a pou yo ka konplete konstriksyon yo. Si yon aplikan chwazi pou finanse yon defisi, aplikan an dwe garanti finansman an anvan lè li siyen kontra a. Depans pou reparasyon ki depase benefis yo resevwa anvan yo pap ranbouse pa pwogram lan.

3.13 Sibwogasyon

Sibwogasyon se yon doktrin legal ki pèmèt yon moun pran dwa ou yon lòt. Nan kontèks sibvansyon pou rekiperasyon dezaz, yon pwopriyetè kay dwe antre nan yon akò sibwogasyon kote ajans finansman an (DEO) jwenn dwa pou kolekte nenpòt lòt rekiperasyon dezaz oswa asirans peman pwopriyetè kay resevwa pou domaj Irma apre pwopriyetè kay la antre nan yon akò sibvansyon pou benefis HRRP.

Yo dwe remèt tout finansman doub yo pou pwogram oswa kalkil la, kèlkeswa lè aplikan an resevwa li a. Si aplikan yo resevwa finansman anplis pou menm objektif la kòm prim HRRP a (reparasyon pèmanan nan tanpèt domaje lakay ou) menm apre yo fin resevwa prim HRRP oswa konstriksyon fini, aplikan an oblije rapòte finansman adisyonèl nan pwogram lan.

Depi yo aksepte sibvansyon an, aplikan yo dakò yo pral bay nenpòt lajan fon doub yo resevwa bay pwogram nan lè yo resevwa li. Lè yo fin resevwa yon rapò ke yo te resevwa benefis adisyonèl, pwogram lan ap rekalkile pri aplikan an epi li bay enstriksyon si wi ou non yo pral redwi prim aplikan an pa kantite lajan sa a, oswa si aplikan an dwe remèt kantite lajan sa a nan pwogram lan kòm ranbousman (lè èd adisyonèl yo resevwa apre debousman pwogram lan). Chak aplikan pral egzekite epi yo dwe respekte yon akò sibwogasyon.

Part 4 Enspeksyon ak Revizyon Anviwònmantal

4.1 Apèsi

Tout règleman federal yo konsènan penti ki fèt ak plon, revizyon anviwònmantal, nòm kalite lojman, acha, nòm travay, elatriye, aplike nan pwogram sa. Si yo idantifye pwoblèm nan yon aplikasyon, yo ka ekzije pou fè lòt revizyon sou aplikasyon an, epi sa ka pran tan anplis pou ka rezoud li.

Pwogram nan ap fè yon revizyon anviwònmantal ak enspeksyon sou plas dega yo aprè verifikasyon HRRP ekzije a tout lòt enstans yo fin fèt. Dwe gen yon revizyon anviwònmantal sou pwopriyete chak aplikan pou pwopriyete sa, kidonk aplikan an, pou l ka kalifye pou pwogram sa. N ap avèti aplikan an nan yon lèt, nan etap soumasyon aplikasyon an, pou kanpe nenpòt travay ki sou pye nan yon kay ki andomaje jiskaske revizyon anviwònmantal la fin fèt. Aplikan ki pa kanpe travay la pa dwe kalifye pou pwogram nan. Enspektè pwogram nan ap note travat ki te koumanse ak/ou te fini.

4.2 Enspeksyon Inisyal ak Verifikasyon Dega

Tout reparasyon ki fèt nan pwopriyete a dwe fèt pou dega nan kay Siklòn Irma te lakoz ki rete san fikse. Yo ka abòde edga ki pa gen rapò avèk siklòn nan sèlman nan imèb ki gen dega ki gen rapò ak siklòn nan tou. Yo dwe enspekte imèd ki bati anvan 1978 yo pou chache danje penti ki fèt ak plon yo. Kote yo detekte danje sa yo, y ap avèti aplikan an (yo) epi y ap pran dispozisyon apwopriye pou redui danje penti ki fèt avèk plon.

Ekip Pwogram nan ap antreprann vizit chantye pou obsève ak anrejistre prezans dega Siklòn Irma lakoz ki rete san reparasyon, pou detèmine anplè dega a epi pou detèmine pri estimasyon reyabilitasyon an. Aplikan an bezwen la nan vizit chantye sa yo. Enspèkte a dwe enspekte anndan kay la pou li ka obsève ak anrejistre dega yo. Enspektè a ap make tout enkyetid anviwònmantal ki gen sou sit la oubyen tou prè a ki ka afekte evalyasyon an.

Estimasyon Travay ki pou Fèt (Scope of Work Estimate, SWE) la founi yon dokiman detaye pa detay ki gen estimasyon sou dega yo te obsève lè yo te vizite pwopriyete a ki mete kantite materyo ak travay k ap nesèsè pou repare dega yo te wè yo. Yo kalkile SWE swivan klasifikasyon ki defini nan Liv Pri Rekonstriksyon Nasyonal 2018 (2018 National Reconstruction Cost Book) epi li gen ladan l pri nesèsè pou asire l pwopriyete a respekte Kòd Konstriksyon an – Kòd Konstriksyon Rezidansyèl Entènasyonal la (International Residential Building Code, IRC) epi tou l respekte HUD HQS. SWE pa founi yon evalyasyon ki pran an kont yon ranplasman ekzat pou pwopriyete orijinal aplikan an. Kontrèman avèk devi asirans ki ka baze sou pri ranplasman, evalyasyon SWE yo baze sou nòm abitabilite elemantè yo devlope pou pwogram nan epi sou pri endistri konstriksyon an devlope pou bagay sa yo. Metodoloji yo itilize pou prepare SWE a se pou yo ka konte kantite pwodui yo ka konte, mezire oubyen obsève yo. Yo pa itilize okenn tès destriktif pou yo kreye estimasyon sa yo.

4.3 Pwodui ki Kalifye ak sa ki Pa Kalifye

Bagay Siklòm Irma andomaje tankou, è kondisyone, sistèm chofaj ak chofaj dlo kalifye pou ranplase nan kad HRRP. Aparèy ak bagay nan kay ki pa entegre nan estrikti kay la epi ki pa nesèsè pou sante elemantè ak sekirite, tankou machin pou lave, machin pou seche rad ak garaj apa ak remiz apa pou machin pa kalifye pou yo ranplase yo nan kad HRRP. Bagay liks ki gen nivo kalite ki depase nòm elemantè yo pa kalifye pou yo ranplase yo nan sans pou ba w youn menmman-parèyman.

4.4 Revizyon Anviwònmantal

Pwogram nan ap antreprann yon Gwo Revizyon Anviwònmantal nan nivo programatik la. Sa ap gen ladan l kowòdinasyon avèk ajans Federal, Eta ak loka yo kote sa nesèsè. Anplis, tout aplikasyon yo dwe

pase yon revizyon anviwònmantal ki lye avèk sit yo a menm jan lwa Federal mande l la, ki gen ladan l yon lis kontwòl estatitè bagay revizyon yo ekzije yo. Revizyon sa ap fèt sou kont pwogram nan. Revizyon ki lye avèk sit yo ap gen ladan yo revizyon sijè sou revizyon anviwònmantal HUD defini yo, chak grenn nan yo ka okazyon yon vizit chantye pwopriyete aplikan an pou plis investigasyon.

Nenpòt pwoblèm ki pa ka rezoud atravè pwosesis revizyon anviwònmantal la ap bezwen redui swa anvan oswa pandan konstriksyon pwogram nan. Pwogram nan ka peye pou pwoblèm rediksyon/mitigasyon yo idantifye pandan revizyon anviwònmantal la si yo estime l se yon aktivite kalifye. Aplikan yo ap resevwa tout avi lwa federal ekzije yo.

Revizyon anviwònmantal se yon revizyon apa epi ki diferan avèk tout lòt revizyon. Lòt revizyon anviwònmantal ki te deja fèt (oubyen aplikan an soumèt) p ap satisfè ekzijans pwogram nan. Si yon kondisyon anviwònmantal yo idantifye nan pwopriyete yon aplikan pa ka rezoud, pwopriyete a ka pa kalifye pou jwenn èd.

Part 5 Detèminasyon Sibvansyon

Sibvansyon ka gen ladan l depans pou lòt depans ki asosye tankou ekzijans pou konstriksyon ekolojik ak rediksyon, elevasyon, asirans, modifikasyon pou bay aksèsibilite (ADA), reparasyon oswa ranplasman dlo, egou ak bezwen pou koneksyon sèvis piblik tout kapab ladan. Mezi ak amelyorasyon ki pa chè ki satisfè kòz zonaj ak konstriksyon lokal, Bon Sekirite ak Pwòpte (eцент Safe and Sanitary, DSS) oswa Nòm Kalite Lojman (HQS) ki obligatwa, sitou amelyorasyon sa yo ki ajoute pi bon rezistans, tankou elevasyon gwo konpoze elektrik, pwoteksyon tèt kay, ak lòt bay yo kalifye. Revizyon anviwònmanal ak asenisman yo detèmine ak ekzije pou bagay tankou rediksyon penti ki fèt ak plon, rediksyon amyant (asbestos) oubyen lòt aspè asenisman kalifye tou.

Y ap enkli elevasyon ladan l pou pwopriyete aplikan ki respekte ekzijans pwogram nan detèmine yo, ki gen ladan l pwopriyete ki andomaje anpil yo swivan ekzijans konsènan zòn/plèn inondab yo apwouve nan nivo lokal. Y ap evalye elevasyon chak grenn ka apa. Yo p ap fè elevasyon sou pwopriyete ki lokalize deyò plèn inondasyon an, ka gen eksepsyon kote gen yon òdonans lokal ekzije sa. Pwogram nan ap swiv direksyon HUD pou asire tout estrikti, jan sa defini nan 44 CFR 59.1, yo te bati prensipalman pou moun abite epi ki nan 1% (oswa 100 lane) zòn/plèn inondab la ki resevwa èd pou nouvo konstriksyon, reparasyon pou gwo domaj oswa gwo amelyorasyon, jan sa defini nan 24 CFR 55.2(b) (10) dwe monte nivo yo nan etaj ki pi ba a, ak sousòl yo ladan, omwen de (2) pye sou 1% ogmantasyon zòn inondab chak ane a.

Fòmil ki pi ba se fason pwogram nan pral kalkile rekonpans yon aplikan:

- 1) Idantifye Pri Reparasyon kalifye/Ki Kalifye,
- 2) Idantifye tout Èd Doub Potansyèl (Potentially Duplicative Assistance, DOB)
- 3) Dedui Èd yo Detèmine ki Doub (Deduct Assistance Determined to be Duplicative, DOB)
- 4) Aplike Limit Rekonpans/Sibvansyon (Award Cap) ki se \$150 000, epi
- 5) Konpare Valè Rekonpans yo Detèmine a avèk Pri Lojman Rekonstui ou Ranplase ki Konparab pou detèmine si avantaj la se ap rekonstriksyon, ranplasman oubyen reyabilitasyon.

Pri/bezwen Reparasyon kalifye/Ki Kalifye: Pwogram nan ap detèmine yon devri reparasyon ki kalifye gras ak enfòmasyon ki soti nan enspeksyon an. Y ap evalye devri reparasyon an fonksyon materyo ekonomik/kalite estanda ak pri travay swivan nòm endistri a.

Kalkile Doub Avantaj Potansyèl (Potential Duplication of Benefits, DOB): Y ap pran DOB konplè an kont nan lè y ap fè kalkil rekonpans pou repasyon yo. Y ap konplete tchèk DOB a anvan ekzekisyon Akò Sibvansyon an epi ankò anvan pwosede nan dènye dekèsman fon yo.

Yo dwe kontabilize tout fon DOB anvan aplikan an resevwa yon rekonpans/sibvansyon. Aplikan ki gen yon diplikasyon/doub dwe plase tout fon DOB nan yon kont sekès (escrow) pwogram nan. Pwogram nan ap bay plis oryantasyon sou kont sekès yo.

Part 6 Fon nan Kont Sekès

6.1 Fon Siplemanchè Anvan Konstriksyon

Aplikasyon yo dwe bay finansman pou bouche vid ki genyen nan pri konstriksyon an si genyen yon vid nan finansman an DOB lakòz. Yo pral bay yon lòt konpayi kenbe fon aplikasyon yo bay la pou yo itilize l pandan konstriksyon kay la. Aplikasyon yo ka pa bay yon twazyèm moun fon pou aktivite konstriksyon yo tankou renovasyon, ogmantasyon oswa lòt aktivite ki pa nesèsè yo. Fon aplikasyon a bay e yo bay yon lòt konpayi pou DOB an pral konte nan limit plafon CDBG-DR yo. Yo pral preleve tout fon yo bay lòt moun yo anpremye, anvan yo itilize fon pwogram yo.

6.2 Idantifikasyon Danje Penti ki Abaz Plon

Si yo te konstui pyès ki pou ede an anvan lane 1978, yo pral teste li pou yo wè si li pa gen danje pousyè plon. Si l gen pousyè plon, yo pral panse pou yo estabilize, anvlope oswa retire penti ki abaz plon an nan pri restorasyon an. Fè enspeksyon penti plon an gen de (2) avantaj: (1) pri mezi rediksyon yo konsiderab epi yo dwe konsidere yo nan devri pri yo pou reparasyon ak (2) ris pou sante rezidan yo, sitou timoun ak grandèt yo, ka grav anpil.

6.3 Devlopman Pri pou Pwojè Reparasyon yo

Pou pwojè ki kalifye pou renovasyon yo, HRRP pral elabore yon bann plan ak karakteristik teknik ki espesifik pou sit lan ki pral sèvi pou defini mezi travay pou repare a ak etabli kantite ak kalite materyèl ki pou itilize yo. Yo pral bay yon desen dimansyon plan atè ak anlè kay ki egziste an pou chak pwojè. Yo pral yon tou yon deskripsyon detaye pòte an. Yo pral fè yon reyinyon obligatwa anvan konstriksyon an sou sit lan pou yo kapab verifye mezi travay la epi reponn nenpòt kesyon. Yo pral ajoute tout mezi anplis yo note pandan vizit sa a nan SWE an e yo pral re-evalye si pwojè a kapab fèt.

6.4 Ranplasman Kay Mobil/Inite Lojman Yo Fè (MHU)

Pou Kay Mobil/Inite Lojman Yo Fè (MHU), plan atè nòmal ki satisfè Nòm Konstriksyon Ekolojik pwogram yo pral disponib. Yo pral detèmine gwo ak konfigirasyon chanm yo selon nòm okipasyon HUD yo, jan sa aplikab.

6.5 Desizyon sou Konstriksyon yo Ak Seleksyon Plan

Devi rekonstriksyon yo baze sou sifas total chanm nan kay yo. Yo pran valè sifas total la nan devri reparasyon an. Yo fè li nan trase chanm pou bilding ki kapab repare yo. Pwosesis devri reparasyon an pa trase galri yo. Se poutèt sa, yo retire yo otomatikman. Pwosesis devri reparasyon an pa gen ladan l tou pakin, bilding ki detache yo oswa bilding ki kole ak yon pasrèl yo. Pwosesis sa a pral abouti nan kalkil sifas rekonstriksyon an anpye kare.

Pwogram lan pral etabli yon faktè pri ki aseptab pa pye kare pou etabli yon montan ranplasman pou kay la plis yon pri apa pou ogmantasyon wotè a, si sa nesèsè. Ansuit, pwogram lan pral miltipliye sifas anpye kare a, jan sa detèmine nan denyè paragaf la, pa faktè pri pa pye kare pri ki aplikab la pou detèmine pri yon pyès ranplasman ki kapab konpare.

Yo fè devri rekonstriksyon yo sou tout kay yo e yo se sèl kalite devri yo fè lè yon kay pa an sekirite pou antre ladan oswa yo te demoli l oswa demoli yon pati ladan l. Yo pral ajoute yon pri apa pou ogmantasyon wotè a, lè sa aplikab.

- **Move Kondisyon:** Move kondisyon yo gen ladan yo, men yo gen lòt tou: bilding ki gen mi, poto sipò, oswa lòt eleman sipò yo ki te detui; bilding k ap degaje gwo lodè endistriyèl oswa chimik oswa vapè k ap soti nan kay la; owa bilding otorite lokal te make tankou bilding ki danje pou moun antre ladan

yo. Si youn nan kondisyon sa yo oswa kondisyon menm jan sa yo egziste, Moun k ap fè evalyasyon an, apre l fin pale avèk yon sipèvizè epi wè dokiman nan foto yo ak yon deskripsyon alekri, kapab limite Evalyasyon ak yon devy rekonstriksyon.

- **Bilding ki demoli yo:** Si yo te demoli yon bilding oswa yon pati ladan l, Moun k ap fè evalyasyon an kapab fè yon devy pou rekonstriksyon sèlman. Moun k ap fè evalyasyon an fè foto pou l dokimante kondisyon epi mezire teritwa a ak zòn ki pou rekonstui an. Si Moun k ap fè Evalyasyon Dega a pa kapab detèmine zòn ki pou rekonstui an (pa egzanp yon kay ki 100% detui ki gen yon fondasyon ki netwaye), HRRP an pral travay avèk aplikan an pou l kapab jwenn enfòmasyon ki manke yon an:
 - Dokiman evalyasyon anvan inondasyon oswa dokiman vant imobilye yo;
 - Enfòmasyon Espè nan Evalyasyon Pwopriyete nan Konte a;
 - Devy asirans;
 - Foto; ak/oswa
 - Foto anlè yo.

Pwogram lan ka itilize lòt metòd ki apwouve yo pou l detèmine zòn ki pou rekonstui an ak devy pou rekonstriksyon an lè dokiman ki soti nan enspeksyon sou sit yo pa disponib. Yo dwe bay enfòmasyon yo ranmase pou verifye sifas anpye kare kay yo ki soti nan sous ki pa sous devy pou kay la bay pwogram lan. Se aplikan an ki responsab an premye pou l kolekte dokiman yo.

Pwogram lan pran desizyon final la pou l di si yon aplikan an kalifye ak, si l kalifye, kalite bilding ak sifas an pye kare yo itilize pou kalkile sibvansyon an. Kit sibvansyon an se pral pou rekonstriksyon, ranplasman oswa reparasyon, li chita sou fòmil ki vini annapre a:

(Devi pou Reparasyon/Devi pou Rekonstriksyon) x 100 = pousantaj relatif pri reparasyon pa rapò ak pri rekonstriksyon an

Si yo kalkile pwojè aplikan an tankou l mwens pase limit 75% pou rekonstriksyon an, yo pral trete pwojè tankou yon pwojè rekonstriksyon. Si pousantaj relatif dega egal ak 75% oswa plis pase 75% montan pou rekonstriksyon an, sibvansyon y ap bay aplikan an se pral sibvansyon pou rekonstriksyon.

Genyen kèk esepsyon ki ka fè yon pwojè reparasyon vin tounen yon pwojè rekonstriksyon. Pa egzanp, kondisyon konstriksyon yo pa t prevwa yo idantifye apre yo fin egzekite kontra sibvansyon an ka lakòz pri pwojè a ogmante rive nan l imit 75 % oswa depase limit 75% an. Anplis, bilding yo deside ki te sibi gwo dega yo oswa yon minisipalite k ap gouvènè te kondane, oswa bilding pèsònèl pwogram lan deside ki danje pou moun antre ladan yo, ka vin tounen pwojè rekonstriksyon. Yo pral revize dosye ki reponn ak nenpòt nan kritè nou sot mansyone anwo yo sou yon baz dosye apre dosye.

Pwogram lan pral ofri plan nouvo kay ki estandadize pou pwojè rekonstriksyon yo. HRRP pa pral bay plan kay ki pèsonalize yo. Pwogram lan pral deside ki gwo plan atè chak aplikasyon k ap mande rekonstriksyon kapab itilize nan fè evalyasyon sifas anpye kare premye bilding ki sibi domaj la ak nòm okipasyon HUD yo, jan sa aplikab. Pwogram lan pral bati kay la selon nòm Energy Star Certified Home lan.

Yo ka mande varyasyon nan metodoloji yo dekri anwo yo satisfè Nòm Okipasyon HUD yo. Nan ka sa yo, yo pral dokimante diferans lan, epi dokiman sa yo se pral prèv pou diferans lan.

6.6 Chwa Konpayi Konstriksyon ak Akò pou Konstriksyon

Yo pral bay yon konpayi konstriksyon travay yo apati gwoup konpayi konstriksyon DEO an yo te pran pou sipòte zefò konstriksyon ki asosye avèk pwogram CDBG-DR yo. Chak pwojè reparasyon oswa ranplasman

pral fèt selon yon kontra oswa akò konstriksyon. Kontra sa a pral etabli mezi pèfòmans yo pou l asire l konstriksyon an fèt atan.

6.7 Dokiman Egzekisyon Kontra yo

Aplikan an pral siyen dokiman sa yo nan moman egzekisyon kontra a. Si sa nesèsè, dokiman yo ka chanje. Yo pral aktyalize lis sa a chak peryòd.

- Akò pou kenbe asirans pou inondasyon epi pou avèti moun ki pral pwopriyetè yo (si se yon zòn inondab 100 lane)
- Akò Sibrogasyon
- Akò Aplikan an/Konpayi konstriksyon an
- Akò Aplikan an/ Kontra Sibvansyon DEO an
- Dokiman Deskripsyon Travay la
- Akò pou Bay yon lòt konpayi kenbe fon (si sa aplikab)
- Nenpòt lòt dokiman HRRP mande

6.8 Avi pou Kontinye

Yo bay Avi pou Kontinye apre HRRP fin apwouve kontra epi fè tout pwosedi administratif travay yo; yo retire bagay aplikan an oswa lokatè a nan kay la (si sa nesèsè); konpayi konstriksyon jwenn pèmi ki nesèsè yo; epi yo sispann sèvis piblik yo (si li aplikab)

6.9 Egzijans pou Konpayi Konstriksyon yo

- 1) Tout konpayi konstriksyon yo pral prezante epi bay prèv yon politik responsablite jeneral ki anvigè ki koresponn omwen ak montan total tout kontra yo sibvansyone nan kad pwogram sa a nan yon delè 10 jou ouvrab apre sibvansyon an. Depi yo pa fè sa, sa ka lakòz sibvansyon an kanpe.
- 2) Tout konpayi konstriksyon yo dwe jwenn epi bay prèv pèfòmans ak kosyonman peman nan yon delè 10 jou ouvrab apre sibvansyon an. Depi yo pa fè sa, sa ka lakòz sibvansyon an kanpe.
- 3) Konpayi konstriksyon an pral responsab pou l dokimante (avèk foto ak rapò alekri) nenpò dega ki te la anvan ak dega tanpèt nan pwopriyete a yo te mete nan pòte travay la.
- 4) Konpayi konstriksyon yo responsab pou respekte Lwa sou Lojman ki Pwoteje kont Plon HUD la, Lwa sou Renovasyon, Reparasyon ak Pentire; ak tout lòt lwa ak règleman ki anvigè yo. Yo egzije pou sit pwojè yo respekte yo nèt toutan.
- 5) Tout konpayi k ap fè, ofri oswa mande pou yo fè renovasyon pou dedomajman nan yon lojman ki vize dwe respekte Lwa RRP EPA ak Lwa sou Edikasyon nan zafè Renovasyon Lead-Pre EPA. Ou kapab jwen egzijans reglemantè yo nan 40 CFR Pati 745 Soupati E - Renovasyon Pwopriyete Rezidansyèl. Sa vle di tout konpayi konstriksyon k ap patisipe nan pwogram pou leve kanpe apre katastwòf sa a dwe gen sètifikasyon EPA. Anplis, tout moun k ap fè travay renovasyon nan non konpayi an dwe se moun ki sètifye.
- 6) Konpayi konstriksyon an pral responsab pou l detèmine bezwen ki genyen pou sèvis piblik, fè instalasyon twalèt epi jere ekipman yo sou sit la san danje ak jwenn tout pèmi ki nesèsè yo.
- 7) Konpayi konstriksyon an oblije ale nan reyinyon anvan konstriksyon an avèk aplikan an epi reprezantan HRRP an.

- 8) Lè konpayi konstriksyon yo fin resevwa Avi pou Kontinye nan men HRRP, yo pral kòmanse travay nan yon delè 15 jou. Nenpòt konpayi konstriksyon ki deranje sit la anvan l resevwa yon Avi pou Kontinye pral pèdi kontra ak finansman yo an sou plas san okenn rekou.
- 9) Tout travay konpayi konstriksyon an fè pral gen garanti pandan peryòd sa yo:
- 1 Lane – garanti jeneral pou reparasyon yo fè nan kay la;
 - 2 Lane – garanti pou kouran, travay plonbi ak mekanik (si yo fè travay sa yo); epi
 - 10 Lane – garanti pou bilding (si yo fè travay nan bilding lan)

Yo pral espesifye garanti sa a nan kontra konstriksyon an. Pandan peryòd ki espesifye nan garanti an, apati moman yo fè dènnye enspeksyon an, aplikan y ap ede a ka mande pou konpayi konstriksyon korije defo oswa rezoud pwoblèm ki soti nan travay li pandan l sou kontra sa a. Si konpayi konstriksyon an pa fè sa, aplikan y ap ede a ka pran nenpòt rekou ki nesèsè nan kontakte HRRP. Yo pral bay yon delè ki rezonab pou korije pwoblèm lan. Men, delè sa a pa pral depase de (2) semenn.

Part 7 Konstriksyon

7.1 Apèsi

Yo defini **reparasyon** an tankou reparasyon oswa renovasyon ki pa ijan ki fèt nan yon kote oswa yon pati espesifik limite nan yon estrikti lojman. Yo pral defini reparasyon an tou tankou lè w fè pati ki restore nan pwopriyete yo respekte kòd konstriksyon lokal yo, epi tout bilding lan respekte Nòm Pwopriyete Minimòm yo (MPS) (oswa Kòd Konstriksyon aplikab ki anvigè a) ak Nòm sou Kalite Lojman (HQS) epitou lè w fè yo respekte Seksyon 31 Lwa Federal sou Kontwòl ak Prevansyon Dife lane 1974 la ak kòd epi nòm konstriksyon lokal yo.

- Tout bilding lan dwe respekte tou nòm pwopriyete minimòm (MPS) pwogram lan etabli ki baze sou Nòm Kalite Lojman HUD yo, Kòd Konstriksyon Ekolojik Florida a (lè sa aplikab), Lis Verifikasyon Amelyorasyon Bilding Ekolojik HUD a (lè sa aplikab) ak tout egzijans Eta a ak kòd lokal yo.
- Reparasyon an pral limite ak bilding ki gen chapant an bwa epi bilding ki prefabrike yo jije ki kapab repara oswa Kay Mobil/Inite Lojman Yo Fè (MHU) ki gen mwens pase 5 lane e ki gen yon valè ki mwens pase \$15 000 (pri debaz ak pri akseswa yo ansanm) ki nesèsè pou mete pwopriyete nan nòm konstriksyon pwogram yo.

Yo pral defini **rekonstriksyon** an tankou lè yo demoli, retire epi jete yon inite lojman ki te la deja epi lè yo ranplase l sou menm teren an, nan menm tras la, avèk yon nouvo inite lojman ki respekte Kòd Rezidansyèl Entènasyonal yo (IRC), jan Kòd Florida a mande sa.

Yo pral defini **ranplasman** an tankou lè yo demoli ak retire yon inite lojman prefabrike oswa yo fè epi yo ranplase inite lojman sa a sou menm teren an, nan menm tras premye inite lojman an.

Yo pral fè **ogmantasyon wotè** a grasa konstriksyon poto ak pout. Li pa p aseptab pou ranpli yo pou fè ogmantasyon wotè a.

7.2 Deranjman ak Rediksyon Penti Abaz Plon

Konpayi konstriksyon yo dwe asire yo satisfè egzijans minimòm sa yo toutan:

- Tout sit yo pwòp epi yo mete kouvèti ki pou pwoteje yo lè sa nesèsè selon regleman ki anvigè yo pandan renovasyon an, sitou lè y ap fè aktivite kote penti a ap deranje moun.
- Tout moun k ap travay sou sit yo dwe gen bonjan sètifikasyon nan men yo sou sit la.
- Sètifika renovatè plon an obligatwa sou sit la toutan depi nan kòmansman renovasyon an jiskaske yo fin fè dènye netwayaj plon an.
- Asire y ap itilize bon teknik yo lè y ap fè aktivite kote penti a ap deranje moun.
- De (2) bagay pou pi piti nesèsè pou poste toutan pou tout moun ak tout travayè yo k ap apwoche sit la kapab wè yo klè jiskaske yo fin fè dènye netwayaj plon an. Gade pi ba a.

- 1) Ajans Pwoteksyon Anviwònmantral (EPA) RRP mande pano avètisman an Anglè ak Espanyòl



- Egzanp Pano

- 2) Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (OSHA) mande pano avètisman pou plon ann Anglè ak Espanyòl



- Egzanp Pano

Si kondisyon sou sit yo pa konfòm, yo pral bay yon lòd pou sispann travay la jiskaske pèsonèl Pwogram lan rezoud epi verifye tout pwoblèm yo. Yo pral mete tan pwojè a annatant lan lè y ap kalkile konbyen tan konstriksyon ap dire e y ap konsidere se fèt konpayi konstriksyon an. Yo pral konsidere tou lòd pou sispann tout travay la lè y ap detèmine travay ki pi devan yo ak patisipasyon nan pwojè ki pi devan yo.

7.3 Enspeksyon Pwogrè Reparasyon ak Rekonstriksyon

HRRP pral vizite plizyè sit pou chak pwojè reparasyon si konpayi konstriksyon an mande l nan etap ki detèmine anvan yo pandan aktivite konstriksyon ki enpòtan anpil yo jan sa dekri nan Dokiman Egzekisyon Kontra yo. 3 vizit sa yo pral fèt apre yo fin verifye si yo aplike tout kòd minisipal ki nesesè yo, ak/oswa enspekte lòt moun lan.

7.4 Dènye Enspeksyon ak Enfòmasyon sou Garanti

Yo itilize dènye enspeksyon an pou verifye si travay la te fè selon plan ak karakteristik teknik yo epi li satisfè nòm konstriksyon pwogram lan. Depi konstriksyon an fini, konpayi konstriksyon an pral mande pou yo fè yon dènye vizit sou sit la pou l kapab asire l tout travay ki dekri nan kontra yo te byen fèt selon kòd ak nòm Eta ak kòd lokal ki apwopriye yo epi kay respekte nòm lojman yo. Dènye vizit la konfime tout

travay yo te fèt epi aplikasyon kòd konstriksyon ak/oswa enspektè lòt moun yo te asepte yo ak tout bagay ki sou lis yo.

Konpayi konstriksyon yo dwe bay tout garanti yo anvan enspektè a siyen yon fòm pou denyè enspeksyon an. Yo pral fè foto pou mete nan dokiman yo. Lè sa a, yo pral bay aplikan an bwochi ki gen enstriksyon yo ak enfòmasyon sou garanti an.

7.5 Re-enspeksyon

Si pèsònèl HRRP a ta remake yon defo pandan enspeksyon yo, yo pral enfòmè konpayi konstriksyon an sou defo epi yo pral ba li yon rapò sou rezilta yo. Lè konpayi konstriksyon an rezoud defo an (yo), li ka mande pou yo fè enspeksyon an ankò. Enspeksyon ki echwe yo ka lakòz yo kalkile yon frè anplis bay konpayi konstriksyon an pou yo fè enspeksyon an ankò.

7.6 Lòd pou Chanje

Kote plis travay nesèsè pou fè reparasyon yo oswa pou korije pwoblèm yo pa t prevwa yo oswa pwoblèm ki reprezante danje yo, konpayi konstriksyon pral bay HRRP yon Lòd pou Chanje ki gen ladan yon deskripsyon detaye travay ki nesèsè a, tankou kantite yo ak ki kote, pri travay sa a ak tan ki nesèsè travay sa a fèt. Sof si yo deside gen danje ki imedya pou sante ak sekirite, YO PA DWE OTORIZE OKENN TRAVAY FÈT jiskaske HRRP dakò sou sa alekri. Yo pral revize tout Lòd pou Chanje yo pou yo wè si pri yo rezonab epi si li aseptab.

7.7 Responsabilite aplikan an pandan Konstriksyon an

HRRP pa pral responsab pou bagay aplikan an oswa bagay lokatè yo ki pèdi oswa ki andomaje pandan konstriksyon an. Aplikan an dwe jwenn oswa mete bagay lokatè li yo yon lòt kote jiskaske konstriksyon an fini.

- 1) Apre aplikan an fin siyen kontra a, li pral gen 30 jou sivil pou l retire lokatè yo nan pwopriyete a epi sere tout byen mèb ki gen valè ki ka sibi domaj pandan konstriksyon an.
- 2) Aplikan an dwe fè yon jan pou konpayi konstriksyon k ap fè konstriksyon an kapab gen aksè ak pwopriyete a. Si yo pa vle kite konpayi konstriksyon k ap eseye fè yon zefò bònfwà pou l fè reparasyon ki nesèsè yo rantre, yo pral retire aplikan an nan pwogram lan.
- 3) Aplikan an responsab pou sekirite pwopriyete li an ak bagay li yo. Se aplikan an ki responsab pou depasman, estokaj ak sekirite byen yo.
- 4) Pandan konstriksyon an, aplikan an pa dwe rantre kote y ap fè reparasyon yo epi li dwe fè yon zefò rezonab pou l rete lwen kote y ap fè konstriksyon an.
- 5) Yo dwe retire tout debri, machin yo abandone ak bilding ki poze yon menas pou sekirite ak/oswa sante nan pwopriyete a anvan yo kòmanse konstriksyon an jan jiridiksyon lokal la oswa moun ki konpetan pou pran desizyon sa deside l. Aplikan yo dwe retire byen ki delabre yo.
- 6) Aplikan an dwe bay tout sèvis piblik ki egziste yo si sa nesèsè pou konpayi konstriksyon an itilize pandan konstriksyon an.

Part 8 Respè Aksesibilite

Egzijans sa yo se:

- 1) Kenbe pwopriyete antanke pwopriyete lokatif pandan lontan, se pa pandan yon sezon oswa vakans, pandan peryòd ki te etabli dapre egzijans gouvènman lokal si se jiska 7 inite lojman.
- 2) Kenbe pwopriyete antanke pwopriyete lokatif pandan lontan, se pa pandan yon sezon oswa vakans, pandan omwen kenx (15) lane si se jiska 8 inite lojman oswa plis.
- 3) Lwe tout inite lojman bay lokatè ki gen yon revni fwaye ki aseptab (80% AMI oswa pi ba).
- 4) Faktire lwaye ki egal ak lwaye ki wo yo oswa ki pi ba pase lwaye ki wo yo, nan yon nivo minimòm.
- 5) Suiv pwosedi sètifikasyon ak verifikasyon revni yo ak kenbe dosye sou tout revni lokatè yo.
- 6) Kenbe woulman lwaye yo konplè epi kòrèk.
- 7) Bay DEO yon rapò konfòmite chak ane pou montre w respekte akò sibvansyon an ak itilizasyon limite pwopriyete a.
- 8) Lwe inite lojman yo selon Nòm Lojman Ekitab HUD yo.

Anèks A Plan Maketin Afimatif

Pwogram lan pran angajman pou l fè pwomosyon lojman ekitab toutbonvre grasa politik maketin afimatif yo. Zefò maketin afimatif pou finansman apre katastwòf yo pral gen ladan yo:

- A. Plan Maketin Afimatif sa a, selon regleman Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD), dekri politik ak pwosedi pou aktivite lojman yo. Yo tabli pwosedi yo pou yo kapab komèsyalize inite lojman pwogram lan finanse yo. Pwosedi yo pwoteje difizyon enfòmasyon yo, èd teknik pou aplikan yo, jesyon pwojè, egzijans nan zafè rapò ak verifikasyon pwojè a.
- B. Objektif la se pou asire yo bay moun ki kalifye yo soti nan tout ras, gwoup sosyal, orijin nasyonal, relijyon, fanmi, moun ki gen andikap yo, “bezwen espesyal yo,” gwoup seksyèl ak popilasyon ki gen mwens chans pou aplike pou èd yo opòtinite pou restore byen yo, ki te sibi dega akòz Siklòn Irma ak/oswa konsekans li yo.
- C. Selon politik ak pwosedi maketin afimatif yo, yo pral enfòmè moun k ap patisipe nan pwogram yo sou opòtinite ki disponib yo ak egzijans ki koresponn ak li yo atravè konseye yo, materyèl enprime ak elektwonik yo, piblikasyon yo, kontak dirèk, atelye/seminè yo, ak nan mete afich/pankat yo nan etablisman piblik yo.
- D. HRRP pral fè maketin atravè medya ki disponib tout kote yo, yo pral deplwaye anpil zefò pou l komèsyalize pwogram Rebati Florida CDBG-DR yon fason ki pozitif konsa:
 - Fè reklam avèk medya yo ki bay aksè inik pou moun yo konsidere tankou manm yon klas ki pwoteje selon Lwa sou Lojman Ekitab la.
 - Kontakte òganizasyon piblik oswa òganizasyon benevòl yo pou fè/suiv reyinyon nan kominote yo.
 - Lòt fòm sansibilizasyon ki fèt pou rive jwenn popilasyon ki kalifye an, tankou fè sansibilizasyon pòtapòt si sa nesèsè.
- E. Yo pral bay aplikasyon ak fòm yo ann Anglè ak lòt lang k ap domine nan rejyon yo. Anplis, yo pral deplwaye tout jefò pou ede aplikan potansyèl ki Pa fin konn Pale Anglè yo nan pwosesis aplikasyon an.
- F. Anplis, yo pral pran mezi pou fè pwogram lan aksesib pou moun yo konsidere tankou manm yon klas ki pwoteje selon Lwa sou Lojman Ekitab la nan òganize reyinyon ki pou bay enfòmasyon nan bilding ki respekte Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA), nan bay èd pou lang siy lè yo mande sa (avèk yon avi 3 jou), ak bay èd espesyal pou moun ki gen andikap nan je yo lè yo mande sa (avèk yon avi 3 jou).
- G. Yo pral kenbe dokimantasyon tout mezi maketin yo itilize yo, ak tou kopi tout piblisite ak anons yo epi rann yo disponib pou piblik la sou demann.
- H. HRRP pral itilize logo Lojman Ekitab la nan piblisite pwogram lan, afiche postè Lojman Ekitab ak enfòmasyon ki gen pou wè ak li yo. E, an jeneral, enfòmè piblik la sou dwa l yo selon règleman sou Lojman Ekitab yo.

Anèks B Pwosesis Rekonsiderasyon/Kontestasyon/Plent

PWOSESIS REKONSIDERASYON, KONTESTASYON AK PLENT

Selon 24 CFR 91 Plan Patisipasyon Sitwayen ak 24 CFR 570.486(a) (7), HRRP te devlope pwosesis rekonsiderasyon, kontestasyon ak plent. Malgre pwosesis rekonsiderasyon an, aplikan yo gen tandans mande yon lòt egzamen sou yon desizyon yo pran sou dosye yo an. Depi yo fini pwosesis rekonsiderasyon an, si yon aplikan pa ta dakò avèk rezilta demann rekonsiderasyon an, yo pral egzamine desizyon HRRP an ankò atravè pwosesis kontestasyon enfòmèl yon ajans. Yo pa kapab konteste politik pwogram yo. Anplis, sitwayen yo ka depoze plent yo- fòmèl ak enfòmèl- yo pral reponn nan 15 jou ouvrab.

Enfòmasyon sou dwa ak fason pou depoze demann pou rekonsiderasyon, yo pral enprime kontestasyon ak plent enfòmèl ajans lan nan tout enstriksyon yo epi poste yo sou sitwèb Rebati Florida a, www.rebuildflorida.gov, nan tout lang lokal ki apwopriye ak rezonab.

Rekonsiderasyon Pwogram

Pandan tout pwosesis la, yo pral pran desizyon sou yon aplikasyon ak/oswa projè ki pou livre yo. Yo pran desizyon yo selon lwa, kòd règleman Federal yo, kòd administrasyon lokal, enstriksyon Eta a ak lokal yo jan Pwogram lan entèprete yo. Politik sa a dirije pwosesis pou yon aplikan oswa konpayi konstriksyon k ap mande rekonsiderasyon pwogram lan sou desizyon HRRP pran yo.

Rezon pou mande rekonsiderasyon yon desizyon. Aplikan ki te aplike pou finansman aksyon pou leve kanpe apre yon katastwòf ka mande sèlman rekonsiderasyon previzyon desizyon yon pwogram sou youn oswa plis nan sa ki vini annapre yo:

1. Eleman kalifikasyon ki lye ak pwopriyete yo, okipasyon, dega tanpèt la ak taks sou pwopriyete yo.
2. Erè nan pwosedi kote anplwaye pwogram lan pa t trete aplikasyon an selon politik ak pwosedi pwogram yo.
3. Kantite finansman aplikan an kalifye pou resevwa
4. Estimasyon Doub Avantaj yo
5. Pwoblèm konstriksyon

Yon konpayi konstriksyon ka sèlman mande rekonsiderasyon pou pwoblèm ki gen pou wè ak pran peman oswa pa respekte delè pou konstriksyon referans lan.

Demann rekonsiderasyon desizyon sou pwogram lokal la Yon moun ki mande rekonsiderasyon dwe depoze yon demann alekri pou rekonsiderasyon bòkote HRRP pou l mande yon egzamen pou pi ta 30 jou apre dat mezi ki pou rekonsidere a oswa lè avi an te apwouve. Demann alekri an dwe genyen ladan li enfòmasyon espesifik ki gen pou wè ak kontestasyon desizyon HRPP an. HRRP pral di li resevwa demann lan. HRRP pral reponn demann lan alekri pou pi ta 15 jou ouvrab apre dat resepsyon demann lan. Repons lan ka pran youn nan mezi sa yo:

1. Akize resepsyon demann pou rekonsiderasyon ak notifikasyon egzamen dosye aplikan an ka pran plis pase 15 jou ouvrab;
2. Demann pou plis dokiman sipò oswa enfòmasyon an men aplikan an;
3. Eta avansman ankèt la ak delè yo estime pou pran desizyon an; oswa
4. Desizyon final sou pwoblèm lan:

- a. Asepte demann lan epi fè ajisteman ki apwopriye yo nan desizyon manm pèsonèl la; oswa
- b. Pa asepte demann lan epi bay moun lan rezon ki fè yo refize demann pou rekonsiderasyon an.

Si yon aplikan pa ta asepte rezilta demann pou rekonsiderasyon an, yo pral ba li yon avi dwa administratif pou l konteste ak enstriksyon pou pwosesis kontestasyon an. Anplis, aplikan yo gen opòtinite pou yo depoze yon kontestasyon fòmèl Depatman an ap dirije.

Kontestasyon

Kontestasyon Enfòmèl DEO: Depi yo fini pwosesis rekonsiderasyon an, si yon aplikan pa ta dakò avèk rezilta demann rekonsiderasyon an, yo pral egzamine desizyon HRRP an ankò atravè pwosesis kontestasyon enfòmèl yon ajans. Yon moun ki mande yon kontestasyon enfòmèl DEO dwe depoze yon demann alekri pou kontestasyon enfòmèl pou pi ta 30 jou apre dat desizyon pou demann rekonsiderasyon an oswa lè yo bay avi an. Nan yon kontestasyon enfòmèl, DEO pral mennen ankèt, si sa nesèsè. Anplis, yo pral fè yon odyans pou kontestasyon enfòmèl, si sa nesèsè. Nòmalman, yo pral fè yon odyans pou kontestasyon enfòmèl nan telefòn avèk tout moun ki konsène yo nan yon apèl konferans. Apre yon pleyan depoze yon demann pou kontestasyon enfòmèl DEO, men sa ki pral rive yo:

1. Yo pral voye yon Avi pou Odyans ki afiche dat, lè ak kowòdone pou odyans ki pwograme an
2. Depi odyans pou kontestasyon an fini, yo pral distribye yon desizyon rezilta a

Kontestasyon Fòmèl / Avi Dwa sou Kontestasyon Administratif: Nenpòt moun ki gen enterè sibstansyèl desizyon DEO a afekte gen opòtinite pou yon odyans administratif selon seksyon 120.569, Lwa Florida yo. Pou konnen sa yo mande ki pou nan petisyon k ap konteste mezi ajans lan, gade règ 28-106.104(2), 28-106.20(2), ak 28-106.301, Kòd Administratif Florida a.

Selon si petisyon genyen bagay ki enpòtan ki diskite ladan l oswa li pa genyen, yo pral fè yon odyans selon swa seksyon 120.569 ak 120.57(1), Lwa Florida yo, oswa seksyon 120.569 ak 120.57(2), Lwa Florida yo. Selon seksyon 120.573, Lwa Florida yo, ak Chapit 28-106, Pati IV, Kòd Administratif Florida, gen medyasyon ki la pou regle chire pit administratif yo. Yo dwe depoze nenpòt petisyon bòkote Grefye Ajans lan nan yon delè 30 jou ouvrab apre resepsyon desizyon DEO an.

Si yon aplikan depoze yon demann pou rekonsiderasyon oswa kontestasyon enfòmèl, yo pral sispann egzijans pou depoze yon petisyon atan ki konteste mezi ajans lan jiskaske yon Depatman an rann yon desizyon selon toude metòd yo. Nan moman sa a, yon nouvo opòtinite pou kontestasyon pral kòmanse. Okenn aplikan pa pral pèdi dwa li selon Chapit 120, Lwa Florida yo, lè l depoze yon demann pou rekonsiderasyon oswa pou kontestasyon enfòmèl.

Kontestasyon Lwa sou Demenajman Inifòm (Uniform Relocation Act, (URA))

Lokatè yo ka konteste nenpòt dosye kote li panse HRRP pa t byen konsidere aplikasyon li an pou èd. Sa gen ladan l, men gen lòt tou, kalifikasyon lokatè a pou yon peman oswa kantite peman ki nesèsè an pou ede l nan demenajman an. Lokatè a dwe konteste desizyon HRRP yo ki gen pou wè ak èd pou demenajman an nan yon delè 30 jou apre l fin resevwa desizyon alekri ki soti nan HRRP ki dekri desizyon pwogram lan ki gen pou wè ak kalifikasyon li pou avantaj yo oswa kantite avantaj yo

Plent

Objektif HRRP se pou l rezoud plent yo yon mannyè ki alafwa sansib pou pwoblèm pleyan yo ak pou rive jwenn yon rezilta ekitab. HRRP pral trete tout plent yo avèk respè, epi reponn demann pleyan yo pa rapò ak estati plent lan. Pwogram lan pral reponn chak plent li resevwa epi bay yon repons nan yon delè 15 jou ouvrab, si sa posib.

Enfòmasyon sou fason pou depoze yon plent pral disponib nan biwo program yo epi y ap mete yo sou bagay ki enprime yo menm jan yo pral disponib sou sitwèb lan.

Plent Enfòmèl

Yo pral rezoud plent yo pote oloral yo si sa posib nenpòt kote yo soti an. Lide pou rezoud plent yo se pou asire moun lan konnen pwosesis plent fòmèl lan ak/oswa rezoud plent lan aloral. Yo pa pral mete yon plent oswa plizyè plent enfòmèl ki pa gen yon kontak nan sistèm suivi pou plent lan. Yo pral mete plent enfòmèl yo pito nan yon dosye plent enfòmèl.

Sou yon plent enfòmèl, HRRP a ta dwe:

1. Pran tout enfòmasyon enpòtan yo, ak tou pwoblèm yo souleve a epi si sa posib, non pleyan an ak yon kontak pou w jwenn plis enfòmasyon si w vle. Si pa gen non ak nimewo kontak ki rete, ou ta dwe note l epi mete l nan yon dosye plent enfòmèl—sou fòm eletwonik oswa enprime.
2. HRRP ta dwe egzamine plent sa yo omwen chak mwa pou l detèmine si genyen yon chema k ap devlope epi, si se sa, detèmine si pwoblèm lan jistifye chanjman yon politik oswa plis fòmasyon.

Plent Fòmèl

Plent Fòmèl yo se nenpòt deklarasyon alekri tò ki fèt—tankou imèl, faks oswa lèt ki bay yon kontak anplwaye pwogram lan kapab pataje rezilta ankèt yo avèk li. Yo pral trete nenpòt plent ki pa gen yon pwen kontak tankou yon plent enfòmèl. Yo pral konsidere nenpòt plent yo voye bay HRRP ki soti nan HUD tankou yon plent alekri.

Dokimantasyon Nesesè

1. Yo pral mete chak plent fòmèl nan yon sistèm suivi pou plent epi yo pral kenbe sou fòm yon dosye elektwonik oswa enprime. Plent fòmèl yo depoze yo pral gen ladan yo:
 - a) Non pleyan an ak adrès yon kontak
 - b) Dat yo te resevwa pleyan an
 - c) Deskripsyon plent lan
 - d) Non nenpòt moun pou yo kontakte pou rezoud plent lan oswa pou kolekte enfòmasyon pou rezoud plent lan
 - e) Yon rezime rezilta yo ak dat yo bay pleyan repons lan
 - f) Yon esplikasyon rezon ki fè yo te fèmen dosye an si li te fèmen.
2. Depi pleyan nan sistèm suivi an, HRRP pral deside si pleyan genyen kalite pou l aji. Yon pleyan gen kalite pou l aji lè li se yon aplikan, konpayi konstriksyon oswa yon pati dirèk epi li genyen yon adrès pou kontakte li. Si yon pleyan gen yon kalite pou l aji ki valid, HRRP pral fè etap sa yo:
 - a) Bay pleyan an yon nimewo kontwòl
 - b) Egzamine ak/oswa fè ankèt sou pleyan an

- c) Depi yo fin rezoud plent lan, oswa si li bezwen plis travay pase travay ki kapab fèt nan nivo pwogram lokal la, voye plent lan bay biwo ki apwopriye a pou yo kapab rezoud li.
- d) Bay HRRP yon kopi rezilta final la, si sa nesesè.
- e) Bay pleyan an ak chak moun y ap depoze plent pou li an yon kopi politik ak pwosedi ki gen pou wè ak ankèt epi solisyon an.
- f) Enfòmè pleyan sou rezilta yo, oswa si l pran plis pase 15 jou, bay eta pwogresyon pwosesis egzamen an.
- g) Fèmen plent lan.

Plent Konsènan Lojman Ekitab

Nou pral voye moun ki di yo te vyole yon lwa lojman ekitab bay kontak lokal DEO a epi di yo pwosesis pou depoze yon plent. DEO ap kenbe yon rejis ak dosye tout kesyon, akizasyon, plent, ak referans ki gen pou wè ak lojman ekitab. Anplis, DEO pral mete HUD okouran moun yo sispèk ki pa te konfòmè an.